ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№17 (22.175) • 2012 гъэм мазаем (февралым) и 2, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ХьэрычэтыщІэхэр хуэдитІкІэ нэхъыбэ мэхъу

Хьэрычэт Іэнатіэ цыкІу-хэмрэ курытхэмрэ пэрытхэм я бжыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдитІкІэ нэхъыбэ щыхъуащ. Апхуэдэу щыжаІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и деж хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым и зэІущІэм.

АР КЪЫЩЫЗЭІУИХЫМ **Къанокъуэ Арсен** кІыхьигъэщащ иужьрей илъэсхэм республикэм бизнес-инкубатор ину тІу кІыхьэрыщІызэІухар, хьэрычэт Іэнатіэ мыиным пэрытхэм защІэгъэкъуэнымкІэ къэралым щынэхьыфІ дыдэ Іэмалхэр зэрызэтрагъэувар. Иджы япэ ягъэщІапхъэ Іуэхухэм ящыщщ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм ящыщу бизнесым хьыкьяу хущІэкъуэхэм ядэІэпыкъуныр, а Іуэхум хэтхэм защІэгъэкъуэныр. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иІэщ республикэм и экономикэм папщІэ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыным. «Зыхуеинуахьшэр къэгъуэту а программэм пыщэн хуейуэ къызолльитэ. Дэ ныбжьыщІэ куэд дгІэщ и зэфІэкІыр къагъэсэбэпыну хущІэкъуу. Абыхэм япэ зыбгъэуцуэ ячын папщІэ тхуэзэфІэкІ псори тщІэнущ», - жиІащ Кьанокъуэ Арсен. Абы къыхигъэщхьэхукІащ республикэм щыщу Европэм бизнес школхэр къыщызыужахэм республикэмэ абы и щыбкІи лэжьапІэ къащхьэгъуэтызным егупсысын зэрыхуейр.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** тепсэлыхьащ «2007 - 2011 гъэхэм КЪБР-м хьэрычэт Іэнатіэ цыкІымрэ курытхэмрэ зыщегъэужьыныр, абыхэм ядэІэпыкъуныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІэным кьрикІуэхэм. Министрым зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр езыхэм я бизнес мурадхэр ягъэзэщІэн папщІэ студентхэм ядэІэпыкъуу щІэзыдза япэ республикэщ. Иужьрей илъэситхум кьриубыдэу проект зэмылІэужьыгъуэу 84-рэ ягъэзэщІэн папщІэ, псори зэхэту сом мелуан 32,1-рэ хухахащ. Илъэсит Інэхьрэ мыинэхьыбэ льандзрэ лажьэ хьэрычэтыщІэхэм кьащхэуа Іэмэпсымэ нэхъыщІэхэм зэтекІуэдам щыщ Іыхьэ, ауэ сом мин 500-м щІимыгъу, хуапшьыжьк, апхуэдэу лизингкІэ кьатехуа щІыхэм щыщу сом 1 мелуаным нэс хухахьэ. А Іэмалымкіэ проект 25-м зыщІагъэжьуащ икІи абы псори зэхэту сом мелуани 10,8-рэ текІуэдащ. Хьэрычэт Іэнатіэхэм электросетхэм зэрыпащІэм щІат уасэми хуклэрагъэхуащ. Иджы щІадзауэ ядоІэпыкъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ хьэрычэт Іэнатіэ цыкІухэу, курытхэу инноваці проектхэр зыгъэзащІэхэм. Кьапщтэмэ, лэжьэн щІэзыдзэ апхуэдэ компаниехэм къэралым зрагъэтхын папщІэ щІата ахьшэр, щІэныгъэ-кьэхутэныгъэ Іэхэухэм трагъэкІуэдакэр хуапшьныж. ХьэрычэтыщІэхэм апхуэдэу ираты фІагъым и ISO 9000 дунейпсо мардэхэм кьызэритІасэмкІэ сертификацІэ егъэкІуэкІыным щІатар.

«Хьэрычэт Іэхэухэм защІэгъэкъуэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ ехьылІэныгъэщ мы Іэнатіэм щыхуэ мыинхэр хухахьи папщІэ, муниципальнэ фондхэм рэ кредит кооперативхэмрэ я лэжьыгъэр зэрызэтрагъэувар. Щыхуэ мыинхэр зыт организацІэхэм нобэм ирихьэлІэу ахьшэу зэрагъэпэщар сом мелуан 300-м щІегъу икІи абы кьыхэжІыу республикэм и щыналъэм щылажь хьэрычэтыщІэу 5.260-м щыхуэхэр ираташ, - жиІащ Мусуков Алий.

Министрыр апхуэдэу кьытеувыІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сакьыл-фэдт фондым и Іэхьыгъэм. Абы и кьалэн нэхьыщхьэр хьэрычэт Іэнатіэ цыкІухэмрэ курытхэмрэ ящыщу зыхуеинуэ хуэдиз сакьылэт мылъку зэмылІэужьыгъуэ кьыщащтэкІэ абыхэм я щІэкІ щэсыпІэ иувэнырщ. Министерствэм зэхуихьэса бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъэмкІэ, иджыпсту а фондым бгъэдэль мылъкур сом мелуани 352,45-рэ мэхъу. Абы Іэмал кьет хьэрычэт Іэнатіэ цыкІухэмрэ курытхэмрэ гъэ кьэс щІыхуэу сом мелард 1,5-м щІигъу кьыхуэзэщІэгъэзУІуэныжкІэ. 2010 гъэ льандзрэ ятха кредит зэгурыІуэныгъэу псори зэхэту сом мелуан 720-м щІигъу кьызэщІэзыІубыдэхэм япкъ иткІэ, а фондыр сом мелуан 422,5-кІэ шэсыпІэ иуващ.

Къэпсалъэм кьиригъэлъэгъуэ нэгъабэ щІадзауэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыяпэ агропромышленнэ бизнес-инкубатор ди республикэм зэрыщащхуэр. Абы и еджапІэхэмрэ лэжьапІэхэмрэ псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мини 120-рэ хьуэу щытынущ. Урысейм и субъектхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэщ унафэщІ лэжьакІуэхэр Европэм и бизнес еджапІэ нэхъыщхьэм щызыІэхъьэзырыр. Абыхэм иджыпсту цІыхуи 122-рэ щІэсщ, 37-м кьаухащ.

И псальэр щиухым министрым кьыхигъэщхьэхукІащ хьэрычэт Іэнатіэ цыкІухэмрэ курытэ КЪБР-м щыІэхэм я бжыгъэр иужьрей илъэситхум кьриубыдэу хуэдитІкІэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Иджыпсту республикэм хьэрычэт Іэнатіэ мыинрэ курытэ 5.695-рэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтэщІэу 28.339-рэ щыІэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и Іэнатіэхэм зэрыт псоми я процент 30-р бизнесым пыщІащ. ЗэрыщІэту 2007 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу хьэрычэт Іэнатіэ цыкІухэмрэ курытхэмрэ ядэІэпыкъуным сом 1 мелардрэ мелуан 75,7-рэ хухахащ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.



Къанокъуэ Арсен езыр елІэлІэну хьэзырщ узыщыгугъ хьуну проектхэр пхыгъэкІыным

КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, УФ-м щыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Верещагин Сергей, КЪБР-м и Правительствэм щылажьэхэр, муниципальнэ щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, кредит Іуэхущ1апІэхэм я лыкІуэхэр хэту КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ УФ-м и къэрал щэсыпІэхэр хуХхахьи папщІэ ведомствэхэм эдай инвестицэ комиссэм игъэбелджыла инвестицэ проектхэр КЪБР-м щыгъэзэщІэным теухуа зэІущІэ.

КЪАНОКЪУЭ Арсен жиІащ къэрал щэсыпІэхэр кьызэгъэпэщыным 2012 гъэм сом мелард 100 зэрыхухахар Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм яхуэгъэза проект нэхъыфІхэр гъэзэщІэным и пэныкъуэкІэ федеральнэ Іэнатіэм Іэжьыгъэшхуэ зэрыщІагъэкІыным и щыхьэту зэрыщыІыр. Абы кьыхихьэщІыхьэхукІащ къэрал щэсыпІэхэр зыкухахьну проектхэм ехьэлІа документхэр нэхъ егупъуу гъэхьэзырын зэрыхуейр. «Хуей хьуре, сэ си щІхьэкІэ сыхьэзырщ банкхэм я унафэщІхэм драгъэкІуэкІ зэпсэхэзныгъэхэм сыхэтыну икІи Іуэху нэхъ зэІумыбзхэр дэгъэжІынымкІэ сэбэн сыхъуну. Абы и лъэныкъуэкІэ дэ псоми зэщІыгъуу едгъэкІуэкІ лэжьыгъэр зэщІэгъэуІуауэ щытыпхъэщ», - жиІащ абы. Верещагин Сергей кьыгъэльэгъуащ къэрал щэсыпІэ хухахьи папщІэ кьыхалъхьа проектхэм ящыщу ведомствэхэм эдай комиссэм кьыдгиныгъахэм я бжыгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым япэ уВыпІэр зэрыщІыгъыр. ГъэзэщІапхъэу къалъыта проекти 9-м ящыщу 4-м дызэрыт гъэм и япэ мазищымрэ япэ илъэс ныкъуэмрэ кьриубыдэу къэрал щэсыпІэхэр хуагъэувыну унафэ кьащтащ. Абыхэм ящыщщ «Севкавреннген-Д» ООО-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ рентген техникэ кьыщыщІэгъэкІынымкІэ, полимер кьабзэхэр щащІ «Этана» заводыр ухуэнымкІэ, иджырей технологиемкІэ кьызэгъэзэщ теплицэхэр «Агро-Ком» ООО-м гектари 100-м тращІыхьынымкІэ, джэдыдрэ гуэгушырэ кьэпэжьынымкІэ, полимер комплекс «Югагро» ООО-м щыщІынымкІэ проектхэр. Адрей проектхэр гъэзэщІэным къэрал щэсыпІэхэр дыдэрыт илъэсым ехьэлІа къриубыдэу хуагъэувынущ.

Кьалэхэмрэ районхэмрэ я администрацІэхэм я Іэтащхьэхэу зэІущІэм кьрихьэлІаІэр Кьанокъуэ Арсен кьыхуриджащ къэрал щэсыпІэхэр кьагъэсэбэпынымкІэ, щыхуэхэр тыжьынымкІэ дагъуэ зыхуеэзымыгъэщІ Іуэхущ1апІэхэм хэхауэ дадэІэпыкъунущ, КЪБР-м и къэрал щэсыпІэхэр апхуэдэхэм яхуэхэтыну дыхьэхэщІ, ди проектхэр нэхъ псынщІэу пхыкІын папщІэ».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Коррупцэм зэребэныр ягъэткІий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и Унафэщі Чеченов Ануар.

ЗАКОНЫМ тетынымкІэ, хабзэр хъумэнымкІэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ **Щумахуэ Арсен** депутатхэр щыгъуазэ ящІащ «КЪБР-м и закон акт щхьэхуэхэм зэхьэуэкІынымгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» республикэ законым и проектым. Абы щыгубзыхуащ коррупцэм пэщІэтыным хэгъэзэзуэ федеральнэ законодательствэм иратха мардэхэр пхызыгъэкІ Іуэхухэр. Кьапщтэмэ, документым еубзыху къэрал, муниципальнэ кьулыкъущІэхэм, къэрал кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр зезыхьэхэм яхуэгъэзэа мардэхэр. Законопроектым кьыщыгъэльэгъуащ коррупцэм зэрыпыщІам, абы ехьэлІа хабзэзэпщагъэхэр зэрилэжьам папщІэ къэрал граждан кьулыкъущІэм ихьын хуей жэуапыр, абыхэм хиубыдэу апхуэдэ цІыхур и Іэнатіэм зэрыІуагъэкІыр. А псоми кьадэкІуэу, комитетым кьыхильхьащ 2014 гъэм нэсыху тещІыхьауэ коррупцэм пэщІэтынымкІэ КЪБР-м щызэхалъхьа программэм зэхъуэжьынымгъэхэмрэ дэщыгъуэкынымгъэхэмрэ хэлъхьэну.

«КЪБР-м и бюджет гъэзэгу фонд хэхам и Іуэхухэм» КЪБР-м и Законым и 4, 7 статьяхэм зэхъуэкІынымгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законопроектым теухуауэ къэпсэльащ Промышленностымкіэ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связькІэ комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий.** Абы ипкъ иткІэ КъБР-м и бюджет гъэзэгу фонд хэхар кьызэзэпэщІа ахьшэм хагъэкІ «КЪБР-м и бюджет гъэзэгу фонд хэхам и Іуэхукіэ» Законым и 4 статьям кьыщыгъэльэгъуа зэкІыпІэр - тонн 12-м щІигъу зи хьэлъагъ транспортым щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэзэгуэхэм ярит зэранигъэм пэкІэу кьыІах ахьшэр.

Щ1алэгъуалэм, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм, щыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІ **Хьэхахуэжь Татьянэ** кьыхэзэхуэзэри щыгубзыхэ **УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и кодексым и 331 статьям зэхъуэкІынымгъэхэр хэлъхьэным теухауэ»** федеральнэ законым и проектыр. Ар ягъэхьэзыращ КъБР-м и Парламентым и дежи щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм и жэрдэмкІэ. Законопроектыр хуэунэтІащ ирагъаджэхэр, ягъасэхэр нэхъ ялэжьэ тезыр зытралъхьауэ, я лэжьапІэм кьыІуагъэкІауэ щыта педагогхэм я залымыгъэхэм я щыхьэуэныным. А щыкІэм тету федеральнэ законым и проектым кьеГъуэ егъэджэныгъэм и Іэнатіэм зыхуэмыфащэхэр мыгъэувынымкІэ Іэмалыщ.

Ищхьэкіэ кьыщыгъэльэгъуа законопроектхэм елэжьэжьынурэ, КЪБР-м и Парламентым и зэІущІэм кьыщыхальхьэнущ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Район газетхэм я унафэщІхэр зытегузэвыхьыр

КъБР-м ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къумахуэ Мухьадин муниципальнэ газетхэм я Іуэху зыІутым щыгъуэ зыщІынымщ. Иджы ар яхуэзащ «Черекские новости», «Эльбрусские новости», «Зольские вести», «Нальчик» газетхэм я редакцэхэм я лэжьакІуэхэм.

ШЭРЭДЖ районым и муниципалитэ газетым и Іуэху зыІутым Къумахуэ Мухьэдинрэ абы и кьуэдзэ Хьэгуарэ Джаныкьуэ ящІыжьащ зэрыпсэльыхьащ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махьтыр, куей Іэтащхьэм и Іуэхухэр зезыгъакІуэ Байсиев Хьэрун, «Черекские вести» газетым и редактор нэхъыщхьэ Чабдаров Марат сымэ. Мы газетыр республикэм щынэхьыжь дыдэхэм ящыщщ, мы гъэм ар илъэс 60 ирокъу. Ауэ зэкІэ абы и тиражыр инкъым, Іэ зэрытрагъадзэ уасэр илъэс ныкъуэм сом 80 фІэкІ мыхъу пэтми, кьыдэкІыр экземпляр 1700-рэщ. Редакцэр пІалъэкІэ зыщІэс пэшхэр Іэхуитльэхуитщ, ауэ зэгъэпэщыжьын хуейщ. Темиржанов Махьтыр зэрыжиІамкІэ, куейм и газет закъуэм дэмыІэпыкъуу хьунукъым, мыгувэу ар район администрацэм и унэм щІагъэтІысхьэнущ. Апхуэдэу Темиржанов журналистхэр кьиригъэгъащ газетым Іэ щІегъэдзэныжьмкІэ ядэІэпыкъуну.

«Эльбрусские новости» газетым и редакцэм хьэщІэхэм щрагъэлъэгъуащ редакторым и кьуэдзэ Хаджиев Даниил езым ищІа, апхуэдэу зэхуихьэса сурэтхэр. Ахэр псори миным щІегъури, абыхэм ящыщ зыбжанэ редакцэм и пэшхэм фІэлъщ. Редактор нэхъыщхьэ Газаевэ Зухра зэрыжиІамкІэ, редакцэр нэхъыбэу гугъу езыгъэхьыр езым и типографие зэрыщІэрыр. Зэгуэр мыбы щыІа типографиер 2000 гъэм Тырныаузэ къыщІекуауэ щыта ІэтІэпсым яхуэзэмыгъэпэщыжьыну зэгтрикьтуащ. Абы кьыхэжІыу газетыр Прохладнэ кьалэм щытрадзэ. Тырныауэ кьалэм ирагъэхьэуэ ягъэхьэзэныр номерыр электрон Іэмалхэмкіэ типографием ирагъэхь, ауэ езы газетыр кІуэуэ кьащэхьэ. Апхуэдэ зэІущІэхэм я Іуэхухэм щыІэ ІуэхуитІ-р зэрыгъэзэщІ. Редакцэр зыщІэс Іэмэн типографие мыин кьыщыкІэзэІуэ, абы і-жьыгъэр игъэпсынщІэнущ, газетым текІуэдэри игъэмэщІэнущ. Районым администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Джаппуев Руслан зэрыжиІамкІэ, районым и Іэтащхьэхэм газетым и мыхьэнэр фІыуэ кьагуроІуэ икІи абы зэрахузэфІэкІкІэ доІэпыкъу. Районым псоми кьыщыдэкІ газетхэм еджэгэр егъэтхьэусыхэ абыхэм официальнэ тхыгъэхэм увыпІэшхуэ зэрыщІэувыдыдым. Тырныауэ кьалэм и журналистхэм мы Іуэхум егупсысауэ бгъэдыхьащ – абыхэм къытрадзэр хъыбар нэхъыщхьэ дыдэхэр, адрей упчІэхэмрэ кьинэмыщІ тхыгъэхэмрэ Іуащхьэмрэ районым и администрацэм интернетым щиІэ сайтым зэрилъыр кьагъэльагъуэу аращ. Газетыр экземпляр 3200-рэ хьуэу кьыдэкІ.

Район газетхэм ящыщу и Іуэхур нэхъыфІу кьэплъытэ хьунущ «Зольские вести»-м. И куэдгъэкІэ абы, «Баксанскій вестник» газетым кІэлъыкІуэу, етІуанэ уВыпІэр иІыгъщ икІи экземпляр 4400-рэ хьуэу кьыдагъэкІ. Редактор нэхъыщхьэ Бжьахъуэ Ратнетэ зэрыжиІамкІэ, мыбы рекламэ тхыгъэхэр, хьэхъуэ-хэр куэду кьытрадзэ икІи абыхэм кьапэкІуа ахьшэмкІэ 2011 гъэм автомашинэ, зыхуеину Іэмэпсымэхэр кьащэхуащ.

«Нальчик» газетыр республикэм кьыщыдэкІхэм ящыщу нэхъыщІэ дыдэщ. Ауэ илъэсищым кьриубыдэу абы и тиражыр экземпляр мини 2-м нэсащ. Редактор нэхъыщхьэ Щомахуэ Лилэ и мурадщ абы нэхъри хигъэхъэуну. Газетыр Налшык кьалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм хиубыдэу мэлажьэ. Адрей муниципальнэ газетхэм елъытытэ, мыбы и журналистхэм я улахэр инщ.

Редакцэхэр иджыпсту нэхъыбэу зытегузэвыхьыр, законодательствэм къызэригъэувым хуэдэу, бюджетым къыхагъэкІыу кІэзэнэ Іуэхущ1апІэ ящІыну зэрарурадырщ. Абы зыхуишэнкІэ хъунур кьалэжь хэхъуэхэр яфІэкІуэдыныращ. Журналистхэм я улахуэхэри щыкІущ, корреспондентхэм ику ику сом мини 6-7 хуэдиз кьаІэрыхьэу аращ. Ящыныкъуэ редакцэхэр транспорткІэ, зыхуэфащэ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщащ. Абы щыгъуэми кьалэ-пІэ пэшхэр кьоузэвкІ. Апхуэдэу кьэрал комитетым и унафэщІым хуэгъэкІуэн щхьэгъуэ кьелъэІуащ газет лэжьакІуэхэм я Іэщагъэм хэгъэхъуэныжкІэ ядэІэпыкъуну.

Япэми зэрыжьІащи, а зэІущІэхэм кьыщаІэта Іуэхухэм мыгувэу тепсэльыхьынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр къриохьэлІэу.

КЪБР-м ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іэнатіэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Христенкэ и кьулыкъум токІ

Урысей Федерацэм промышленностымрэ сатумкІэ и министр Христенкэ Виктор и кьулыкъум дыгъуэзэ текІащ.

Ар иджы лэжьэнущ Евразийскэ экономикэ комиссэм и тхьэмадэу. Апхуэдэ унафэ изгъаІи дыгъуэзэм кьащтащ щытащ.

Урысей Федерацэм, Белоруссиям, Къэзахъстаным я президентхэу Медведев Дмитрий, Лукашенкэ Александр, Назарбаев Нурсултан сымэ щызэІущІам.

ЗорыхуагъфащэмкІэ, Христенкэ и пІэкІэ министр кьулыкъур иубыдынущ абы и кьуэдзэу иужьрей илъэсхэм лэжьа Мантуров Денис.

Посольствэм зыщагъэпщкІу

Мысырым и властхэм я къэралым кърамыгъэкІыж щІыху зыбжанэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Каир щаІэ посольствэм зыщагъэпщкІуащ.

Унэ хужьым и пресс-секретарь Карни Джей зэрыжиІамкІэ, зызыгъэпщкІуахэр США-м и правительствэм и унафэм щІэмыт Іуэхущ1апІэ инхэм я лэжьакІуэхэщ. Ахэр поплъэ мысырым икІыжьну хуитынныгъэ кьыщратыным.

Зи гугъу ящІхэр США-м и Лъэпкъ демократие, Дунейпсо республикэ институтхэм ящІащ. Абыхэм къаІэну зыхуагъэувыжащ демократиер нэгъэщІ кьэралхэм щагъэбыдэну икІи Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я бюджетым кьыхэкІ мылькумкІэ кьопсэу, Конгрессым пыщІныгъэ бидэ хуаІэщ. Дауи, ахэр США-м и тІасхъэщІхэхэу Мысырым кьыщалытащ икІи Іуэхур зэкъагъэкІыу щІадзащ. Аращ а хьэрыпэ къэралым икІыжьну зэкІэ хуит щІамыщІри.

Мэзкуу щызэгурагъЫуэжьну хущІокъу

Сирием щызэпэщІэт лъэныкъуэхэм я лыкІуэхэр Урысей Федерацэм и унафэщІхэм Мэзкуу ирагъблагъэ, дыныжьэ щымыІэу зэрызэгурыІуэну хэкІыпІэхэр зэгъэсэу кьалыхьуэн папщІэ.

ЛЪЭПКЪ Зэгуэтхэм я Зэгуэхэныгъэм (ООН) УФ-м сыт щыгъуэ щыІэ и лыкІуэ Чуркин Виталий апхуэдэу дыгъуэзэ щыжиІащ ШынагъуэншагъэмкІэ Советым и зэІущІэм. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, Сириер лыгъажьэм щахьумэныжьмкІэ а зы Іэмал закъуэрауэ кьыщІэкІынущ къэнжар.

Чуркиным зэІущІэм къриохьэлІаэм гу лъаригъэтащ Сириер зэрыхуа щытыкІэм кьыкІынымкІэ абы ООН-м трикъуэну хуитынныгъэ зэримыІэр икІи апхуэдэ унафэхэр Урысей Федерацэм зэрыпхимыгъэкІынур. «Дэ зэи дэтІыгъынукъым залымыгъэ зыхэлъ Іуэху бгъэдыхьэкІэ, - жиІащ абы. - ООН-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым хуэздэныкъым Ливием иращІам хуэдэ гуэр Сирием кІэлъыгъэрихьэу».

ЩІэрыщІэу зэхагъэхЫж

УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэ Следственнэ комитетым иригъэзэжащ Саяно-Шушенскэ ГЭС-м 2009 гъэм и щыщхьэІум кьыщыхьуа аварием екъэлІа Іуэхур.

Абы щхьэхуэгъэ хуэхьауэ УФ-м и Уголовнэ кодексым иджыблагъэ халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр. Саяно-Шушенскэ ГЭС-м кьыщыхьуа аварием кІэ ягъэхъуаншэхэм иджы нэхъыбэ дыдэу тезыру тралъхьэфынур иубэсищкІэ лъэхъуэщым исынырщ. Арщхьэкіэ, апхуэдэ Іуэхухэм илъэситІ дэкІи и уэкІэ зэрыхэмыплъэжьам кьыхэкІыну, ягъэщІ бгъэдыхьэкІэ абы кьыхагъэуэтынущ. Кьапщтэмэ, ахэр ягъэкъуэнщэнущ лэжьыгъэхэр щрагъэжьэкІ кІэ шынагъэншагъэр кьызэрызэрамыгъэпэщам и зэранкІэ цІыхуитІ е нэхъыбэ зэрыхэжІуэдам щхьэкІэ, Фигу кьэдгъэкІыжьнщи, Саяно-Шушенскэ ГЭС-м 2009 гъэм и щыщхьэІум кьыщыхьуа аварием щІыхуэ 75-м я гъащІэр ихьащ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 2, *махуэку*

● Советыдзэхэм Сталинград и деж текІуэныгъэ кьыщащхьащ.

● 1898 гъэм кьалъхуащ Франджым и лыхъужь адыгэ бзыльхугъэ **ХьэгъундокуэУ Елмэсхьан.**

● И льэхи 105-рэ и пэкІэ дунейм ехьжащ химик цІэрыІуэ **Менделеев Дмитрий** (1834-1907).

● Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ щыхьэзиІэ и лэжьакІуэ, «Ленин гъэзэгу» (иджы «Адыгэ псальэ») газетым жэуап зыхь и секретару лэжьа **Джаурдий Ібгисал** 1929 гъэм щыхъуащ.

● 1948 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я цІыхубэ артист, уэрджыІакІуэ цІэрыІуэ **Мэремыкъуэ Хьусен.**

Дунейм и щытыкІэнур

Республикэм пшэ щытелъынущ. ЩІыхьэ махуэм градусыІ - 11, жэщым градус 16 -18 щыІэнущ.

Мазаем и 3, *мэрем*

● Мозамбикым и лъэпкъ лыхъужьхэм я махуэщ.

● «Красная Кабарда» газетым и щІэр «Къэрэхъэлъэ» жиІэу 1924 гъэм зэрахъуэжІащ.

● 1925 гъэм СССР-м и радиом лэжьэн щІидзащ.

Дунейм и щытыкІэнур

Республикэм пшэ мащІэ щытелъынущ. ЩІыхьэ махуэм градусыІ 10 - 15, жэщым градус 13 - 15 щыІэнущ.

Плъэгъуэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбечий.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и УнафэщІ Чеченов Ануар.

ЗАКОНЫМ тетынымкІэ, хабзэр хъумэнымкІэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ **Щумахуэ Арсен** депутатхэр щыгъуазэ ящІащ «КъБР-м и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІынымгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» республикэ законым и проектым. Абы щыгубзыхуащ коррупцэм пэщІэтыным хэгъэзэзуэ федеральнэ законодательствэм иратха мардэхэр пхызыгъэкІ Іуэхухэр. Кьапщтэмэ, документым еубзыху къэрал, муниципальнэ кьулыкъущІэхэм, къэрал кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр зезыхьэхэм яхуэгъэзэа мардэхэр. Законопроектым кьыщыгъэльэгъуащ коррупцэм зэрыпыщІам, абы ехьэлІа хабзэзэпщагъэхэр зэрилэжьам папщІэ къэрал граждан кьулыкъущІэм ихьын хуей жэуапыр, абыхэм хиубыдэу апхуэдэ цІыхур и Іэнатіэм зэрыІуагъэкІыр. А псоми кьадэкІуэу, комитетым кьыхильхьащ 2014 гъэм нэсыху тещІыхьауэ коррупцэм пэщІэтынымкІэ КъБР-м щызэхалъхьа программэм зэхъуэжьынымгъэхэмрэ дэщыгъуэкынымгъэхэмрэ хэлъхьэну.

«КъБР-м и бюджет гъэзэгу фонд хэхам и Іуэхухэм» КъБР-м и Законым и 4, 7 статьяхэм зэхъуэкІынымгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законопроектым теухуауэ къэпсэльащ Промышленностымкіэ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связькІэ комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий.** Абы ипкъ иткІэ КъБР-м и бюджет гъэзэгу фонд хэхар кьызэзэпэщІа ахьшэм хагъэкІ «КъБР-м и бюджет гъэзэгу фонд хэхам и Іуэхукіэ» Законым и 4 статьям кьыщыгъэльэгъуа зэкІыпІэр - тонн 12-м щІигъу зи хьэлъагъ транспортым щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэзэгуэхэм ярит зэранигъэм пэкІэу кьыІах ахьшэр.

Щ1алэгъуалэм, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм, щыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІ **Хьэхахуэжь Татьянэ** кьыхэзэхуэзэри щыгубзыхэ **УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и кодексым и 331 статьям зэхъуэкІынымгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»** федеральнэ законым и проектыр. Ар ягъэхьэзыращ КъБР-м и Парламентым и дежи щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм и жэрдэмкІэ. Законопроектыр хуэунэтІащ ирагъаджэхэр, ягъасэхэр нэхъ ялэжьэ тезыр зытралъхьауэ, я лэжьапІэм кьыІуагъэкІауэ щыта педагогхэм я залымыгъэхэм я щыхьэуэныным. А щыкІэм тету федеральнэ законым и проектым кьеГъуэ егъэджэныгъэм и Іэнатіэм зыхуэмыфащэхэр мыгъэувынымкІэ Іэмалыщ.

Ищхьэкіэ кьыщыгъэльэгъуа законопроектхэм елэжьэжьынурэ, КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм кьыщыхальхьэнущ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Дыгъуасэ

Сириемкъикіыжыну хуейхэр щитхум ноблагъэ

Мазаем и 1-м «Адыгэ псальэм» и хьэщІэщым кьыщратхэблэгъащ ди лъэпкъэгъуэхэм Сириемщ1эр щытыкІэм и зэран кьекІынкІэ гуэвавэхэм я лыкІуэхэу Понэж Яшаррэ Стас Сабрирэ. Хьэщ1эхэм яхуэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, «Хэку» зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ Нэкіацэ Владимир, журналистхэр. Хьэлэбэлыкъым я щхьэр кьыхахыу Хэкум къэкІуэжьыну хуей адыгэхэм я бжыгъэр щитхум нэблэгъащ. Абыхэм я Іуэхур зэрыхьунум иригузавэу къэкІуахэм республикэм и Іэтащхьэр кьахуэзащ. Кьанокъуэ Арсен лыкІуэхэр кьигъэгугъащ къэкІуэжьыну хуей адыгэхэм я гъэзэгу кьызэІуэхыну унафэхэр кьыдигъэкІыну щхьэкІэ, Урысей правительствэм икІэщІыпІэкІэ зыхуигъэзэну.

ХьэщІэщым щекІуэкІа псалъэмакъым нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ фытщІыну ди мурадщ мыгувэу.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Іуэхьхэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьэбарэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсатэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Адміністрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонэхмкІэ.

Щэныгъэм и щыгум нэса Щоджэн Іэсхьэд 60

Адыгейхэм яящыщу яизу биологие щІэныгъэхэм я доктор хьуа, профессор, Урысей Федерацэм, Кубаным, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Щоджэн Іэсхьэд яящыщ зи зэфІэкІыр къралым и мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьным тыхь хуэзыщІахэм. ЩІэныгъэлІ щынкъэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 60 ирикъуащ. Абы щыщу 35-м щІигър Щоджэным хунГъэнсащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхэм.

ГЪАЩІЭ гъэгуанэ купщІафІэ кьикІуащ Щоджэн Іэсхьэд. Адыгей автором областым хыхьэ Теучэж куейм и Едэпсыкьуей жьлэм къыщалъхуа щІалэм и сабиигъуэр ирихьэлІащ зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм. А зэманым пыщІауэ щыта гугъуехь псори игъэващ Іэсхьэд, ауэ абыхэм ар иращІыкІакъым, атІэ, уеблэмэ, гъащІэм хуеІэ, ар езыгъэфІэкІуэну щІэхъуэпсе щІыхь кьыхэкІыныжкІэ щІэгъэкъуэну щытаци къэплъытэ хьунущ. 1969 гъм Щоджэным кьуащ я кІуажэ дэт курыт школыр иджы куэд дэмыкІыу дзэм ираджащ. Хэкум къулыкъу хуищІэну. ЩІыхь зыпылъ а кьалэныр екІуу игъэзэщІа нэужь, абы къигъэзэжащ щалъхуа щІыпІэм икІи Кубань къралым мэкъумэш университетым щЭтІысхьэри, агроном ІэщІагъэм хуеджащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щІалэм адэкІэ ныбжьыр пищащ. 1981 гъэм Щоджэныр щІэтІысхьащ пРунжьыр гъэкІыныжкІэ союзэпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и аспирантурэм. Илъэси 4 дэкІри, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэм екъулІэныжкІэ пкигъэкІащ и кандидат лъэныгъэ пРунжьр гъэкІыным теухуар. Къэд дэмыкІыу абы утыку кІрихьащ щытхъуцхъуэ зыхужьаІуэ щыта и доктор диссертацэри.

БгъэдэлъщІэныгъэ куум, Іуэху зехьэкІэ пэрытым, хэпъ жьыджэгагьым я фІыгъэкІэ Щоджэным хузэфІэкІащ къэхутэныгъэ хьэлэмэтэхэр иригъэкІуэкІыну. Ахэр я лъабжьэу щІэныгъэлІым и кьалэмыпэм кьыпыкІащ тхьилъ куэд. Апхуэдэхэщ «Культура риса в Адыгее», «Теория и практика применения микроудобрений в рисоводстве», «Полегание риса», «Альгофлора рисовых полей Кубани», «Удобрения риса», «Диетология риса», «Агрохимия в России», нэгъуэщІ куэдри. Щоджэным и лэжьыгъэхэм щІэныгъэхэм я доктор хьуа, профессор, Урысей Федерацэм, Кубаным, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Щоджэн Іэсхьэд яящыщ зи зэфІэкІыр къралым и мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьным тыхь хуэзыщІахэм. ЩІэныгъэлІ щынкъэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 60 ирикъуащ. Абы щыщу 35-м щІигър Щоджэным хунГъэнсащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхэм.

ГъащІэ гъэгуанэ купщІафІэ кьикІуащ Щоджэн Іэсхьэд. Адыгей автором областым хыхьэ Теучэж куейм и Едэпсыкьуей жьлэм къыщалъхуа щІалэм и сабиигъуэр ирихьэлІащ зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм. А зэманым пыщІауэ щыта гугъуехь псори игъэващ Іэсхьэд, ауэ абыхэм ар иращІыкІакъым, атІэ, уеблэмэ, гъащІэм хуеІэ, ар езыгъэфІэкІуэну щІэхъуэпсе щІыхь кьыхэкІыныжкІэ щІэгъэкъуэну щытаци къэплъытэ хьунущ. 1969 гъм Щоджэным кьуащ я кІуажэ дэт курыт школыр иджы куэд дэмыкІыу дзэм ираджащ. Хэкум къулыкъу хуищІэну. ЩІыхь зыпылъ а кьалэныр екІуу игъэзэщІа нэужь, абы къигъэзэжащ щалъхуа щІыпІэм икІи Кубань къралым мэкъумэш университетым щЭтІысхьэри, агроном ІэщІагъэм хуеджащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щІалэм адэкІэ ныбжьыр пищащ. 1981 гъэм Щоджэныр щІэтІысхьащ пРунжьр гъэкІыныжкІэ союзэпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и аспирантурэм. Илъэси 4 дэкІри, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэм екъулІэныжкІэ пкигъэкІащ и кандидат лъэныгъэ пРунжьр гъэкІыным теухуар. Къэд дэмыкІыу абы утыку кІрихьащ щытхъуцхъуэ зыхужьаІуэ щыта и доктор диссертацэри.

БгъэдэлъщІэныгъэ куум, Іуэху зехьэкІэ пэрытым, хэпъ жьыджэгагьым я фІыгъэкІэ Щоджэным хузэфІэкІащ къэхутэныгъэ хьэлэмэтэхэр иригъэкІуэкІыну. Ахэр я лъабжьэу щІэныгъэлІым и кьалэмыпэм кьыпыкІащ тхьилъ куэд. Апхуэдэхэщ «Культура риса в Адыгее», «Теория и практика применения микроудобрений в рисоводстве», «Полегание риса», «Альгофлора рисовых полей Кубани», «Удобрения риса», «Диетология риса», «Агрохимия в России», нэгъуэщІ куэдри. Щоджэным и лэжьыгъэхэм я къыдэкІыгъ ящыщ дэтхэнэри биогеохимикхэм папщІэ щІэнгъуазэ пэлъытэщ. Зэчий льагэ зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІым, пРунжьыр гъэкІыныжкІэ союзэпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІым и къуэдзэм, Кубань къралым мэкъумэш университетым и кафедрэм и унафэщІым хуэзфІэкІащ ди къэралым и щІыпІэхэм пРунжьр щыгъэкІыныжкІэ щыІэ щхьэхуэныгъэхэр кьихутэн, а Іуэхур езыгъэфІакІуэ Іэмалхэр иубзыхун.

А лэжьыгъэ купщІафІэм кьыдэкІуэу, Щоджэныр хунос дунейр хъумэным екъэлІауэ республикэр зыгъэІейтей Іуэхутэхэмэ щІыналъэм и тхьдэм, щІэныгъэм я зыужьныгъэм епха къэхутэныгъэхэмэ. Абыхэм ятеуэуа тхыгъэ купщІафІэ куэди и кьалэмыпэм кьыпыкІащ Іэсхьэд.

Псори зэхэту кьапщтэмэ, къэхутакІуэ емызэщІ Щоджэн Іэсхьэд и кьалэмыпэм кьыпыкІа лэжьыгъэхэр 600-м щІегъу. Абыхэм ящыщу 36-р монографиер зэреджэ тхьилърэщ, 80-р чэнджэщ щхьэпэхэр зэрыт брошюрэщ, адрейхэр щІэныгъэ журналхэм, газетхэм кьытеуа тхыгъэ щхьэхуэхэщ. Щоджэным и щІэныгъэ лэжьыгъи 3-м къэхутэныгъэм и патент кьыпэкІуащ. А тхыгъэхэм кьызэщІаубыдэ гъащІэм, щІэныгъэм я лъэныкъуэ куэд. Абыхэм яхэтщ кьэкІыгъэ щхьэхуэхэм ятеуэуахэри, агрохимиемрэ ботаникэмрэ екъэлІахэри, щІналъэм и географиемрэ тхыдэмрэ пыщІаэхэри, щІыуз щЭрыІуэхэм я гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ кьыщыгъэльэгъуахэри.

Кьыхэгъэщыпхьэщ Щоджэным и дежкІэ анхуэдиз Іуэхур кьалэну, лэжьыгъэу зэрыщымытыр - ар щІэныгъэІым и дуней тетыкІэщ, и гъащІэ мардэщ, и псэукІэщ.

ГъащІэм, щІэныгъэм, жылагъуэ Іуэхуэхэм апхуэдэу жьыджэру хэт щІыху щыпкъэм и ІуэхущІафэхэм яхуэфащэ пщІэрэ гулытэрэ егъуэт. АдыгейкъэкІалэм щІыхь зиІэ и щІыхум, Мейкъуапэ къэрал технологие университетым щІыхь зиІэ и профессорым кьыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр. Щоджэным кьратащ УФ-м и Президентым, Краснодар крайм и администрацэм и Іэтащхьэм кьабгъэдэкІ фІыщІэ Ар хъуащ Урысей Краснодар крайм и администрацэм щІэныгъэмкІэ игъэуагъэ саугъэтым и лауреат, пащэ щыхьэщ Адыгэ Республикэм, Урысей мэкъумэш академием, Краснодар крайм щрагъэкІуэкІа щІэныгъэ зэпеуэхэм. Щоджэн Іэсхьэд Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Реальнэ экономикэмкІэ дунейпсо академием я академикщ.

Апхуэдэ хэщал, жылагъуэ гулытэ иныр хуэфащэ дыдэщ Щоджэн Іэсхьэд. Абы кьрата дэтхэнэ дамыгъэри тхылъ лъапІэри кьыпэкІуащ щІэныгъэлІым зэфІиха лэжьыгъэ купщІафІэхэм, иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэ гъэщІэгъуэнхэм, и кьалэмыпэм кьыпыкІа тхыгъэ хьэлэмэтэхэм.

ЩІэныгъэм и щыгум нэса, екъулІэныгъэ куэд гъащІэм, лэжьыгъэ ІэнатІэм щызыІэрызыгъэхьа Щоджэн Іэсхьэд узынщагъэ быдэ иІэну, лъэпкыр, къралыр инэкІэ зыгъэкІуатэ къэхутэныгъэщІэхэмкІэ иджыри куэдрэ дигъэгуфІэну ди гуапэщ.

КАРПАЧЕВСКИЙ Лев,
биологие щІэныгъэхэм я доктор, МКЪУ-м и профессор.

Еш зымыщІэ

**ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Урысейм Мэкъумэш ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием я академик, биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор щІэрыІуэ Щоджэн Іэсхьэд яящыщу щІэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ куэд зи къалэмыпэм кьыпыкІа щІыху адыгэхэм кьытхэмыкІами ярейщ. И илъэс 60-м кьрнубыдэу ар здынэсыфа гьагапІэхэм, зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэм хуэдэ пэжыр зэфІэгъэувэжьнымкІэ мыхьэнэшхэу зиІэ лэжьыгъэхэри иІэщ Щоджэным. Апхуэдэу ар мызэ-мытІэу ятетхыхьащ лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьныгъэм хэпъхьэныгъэ хуэзыщІ ІэщІагъэлІхэм, щІым хьер нэхъыбэ кьытыным зи зэфІэкІыр езыхьэлІэ къэхутакІуэхэм.

Дэтхэнэ зы Іэщ Іагъэліри зыигъэлІапІэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ и Іуэхур адэкІэ зыгъэкІуэтэн щІэбгъ игъэсэныр. АпхуэдэхэмкІи кьуелІщ Щоджэныр. Абы и нэІэм щІэту кандидат, доктор диссертацэхэр ягъэхьэзыращ, екъулІэныгъэ яІэу пхагъэкІащ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэ куэдым. Ахэр иогушхуэ я егъэджакІуэ щыпкъэм, унэтІакІуэ ІэкъуэпсакІуэм, я лэжьыгъэм жьыджэру пэрытыныжкІэ я нэхъыжьыфІыр абыхэм щапхъэ яхуохъу.

Іэсхьэд зэчий льагэ зыбгъэдэлъ, гъащІэм пэжныкІуэ куэдкІэ щыгъуазэ, еш имыщІэу ар зыдж щІэныгъэлІкъэхутакІуэщ. Ар адыгэ пъэпкъыр фІыуэ зыптаГъу, абы и блэкІам фІыуэ щыгъуазэ, и къэкІуэнур дахэ хуэныкъо хуэпажьэ тхыдэдж Іэзэщ. ЖыпІэнурамэ, Щоджэным и фэгъу хэкупсэ куэд щыІэу си фІэщ хъуркъым.

Сэ сроугушхэу икІи сропагъ ныбжьэгъу пэжу сиІэ, кьуэшу сыбжь ЩІоджэн Іэсхьэд икІи Тхьэм фІыщІэ хузощІ апхуэдэ щыху тельыдджэм, хьэлэмэтым гъащІэм сызэрыщыкъуигъэзам папщІэ.

ЩОДЖЭН Аслъэнбэч,
техникэ щІэныгъэхэм я доктор, Бизнесымкі Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и профессор.

Лъэпкъ гъащІэм и щІэнгъуазэ

Жылагъуэм пщІэшхуэ щызэІа лэжьыгъэхэм ящыщ 1996 гъэм дунейм кьытехьа «Адыгэхэм я щІыгу» тхылъыр. Мыбдежым мэкъумэш щІэныгъэлІ Щоджэн Іэсхьэд щыдолъагъу тхыдэдж Іэкіуэлъакіуэу, щалъхуа хэкум и блэкІам и къэхутакІуэ емызэшу. «Дэтхэнэри и лъэпкъ тхыдэм щыгъуэзэн хуейщ» гупсысэр щынэхъыщхьэщ а тхылъым.

КАВКАЗ Ищхьэрэм и тхыдэм теухуауэ щыІэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэм яхэуващ зи гугъу тщІы тхылъыр. Абы кьыщыгъэльэгъуащ ди лъэпкъым пасэ зэманым иІа псэукІэр, хьуэпсапІэхэр, зыпыщІауэ щыта гъунэгъухэр, и хабзэхэр, щэнхабзэр, и Іуэрыіуатэ къулейр. Тхылъыр куэдым ягу зэрырихьам, щІэх дыдэу щІэрыІуэ зэрыхъуам и щыхьэтщ ар дунейм кьызэрытехьэу, абы теуха нэтынхэр, тхыгъэхэр хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэрыщызэбгрыкІар, абы теухуауэ тхылъеджэхэм я конференцхэр мызэ-мытІэу зэрызэхашар. 2004 гъэм ар етІуанэу кьыдэкІыжа пэтми, ноби гъуэтыгъуейщ. Абы хэлъ хьэлэмэтагъэм ящыщщ зэрытха бзэр. Тхылъым и гугъу щыщІащ адыгэхэм я щІыналъэм и тхыдэм, географием, щІыпІэ-щІэхэр кьызытекІам, анэдэлъхубзэм и зыужьыкІэм, лъэпкъым зэрихьэ диным. Щоджэным хулъэкІащ тхылъеджэм и деж а зытепсэлъыхь псори гурыІуэгъуэу, зэхэщІыкІыгъуэу нихьэсыж. Ауэ щыхьэкІи, «Адыгэхэм я щІыгу» тхылъым «зэІубыгъуэу» уеджэфыкІ - напэкІуэцІ 750-рэ хуэдиз хъу а къыдэкІыгъэр адыгэ гъащІэм и щІэнгъуазэ пэлъытэщ. Абы кьыхэкІыу, абы мызэ-мытІэу къытІыбогъуэзэж, уоджж, узыщымыгъуазэу кьибгъуэтахэм щІэрыщІэу уегупсысыжрэ.

Дэфтэр пэжхэр и лъабжьэщ Щоджэным и тхыдэ лэжьыгъэшхэм. Абы зэпкърыха щыхъуа ятеуэуа Іуэхугъуэхэм ящыщ адыгэхэм тхыгъэ зэрагъэуэта щІыкІэри, щІэныгъэм и нэхъум зэрыхьэхьари, лъэпкъ гущІэгъуэм и щэнхабзэмрэ зэрызэгъэужьари. Тхылъым еджэ дэтхэнэми абы кьыщигъуэтынущ и жьлэм, и лъэпкъым, и нэхъыжьхэм ехьэлІа хъыбар хьэлэмэтхэр. Сыт и уасэ Черкасскэхэм ятеуэуауэ абы кьыщыхьа тхыгъэхэр! Адыгэм кьыхэкІамрэ адыгэм кьилъхъамрэ лъэпкъ гушхуэныгъэ къыхэзылъхьэщ, и щхьэм, и щІналъэм, и щІэблэм щІэ яхуезыгъэщІыжщ Щоджэн Іэсхьэд и «Адыгэхэм я щІыгур».

Адыгэ Республикэм къэралыгъуэр зэрыщызэфІэуэвам теухуащ «Адыгейм и пашэу» щІэр иІэу Щоджэным куэдрэгъэкІа тхылъыр. Апхуэдэу абы кьыщыхьащ республикэм илъэс зэхуэмыдэхэм и унафэщІу щытахэм я гъащІэм, дуней еплъыкІэм, Іуэху зехьэкІэм теухуа тхыгъэхэр. Абы хэлъ къулейкІэ, щэрыуэкІэ тхащ томи 3-у зэхэт лэжьыгъэр. Абы дихьэхыу еджащ зи къэралым и тхыдэр, Совет Союзым кьикІуа гъуэгуанэр зыфІэхъэлэмэтхэр. Абы хэм тхылъыр кьаІэрыщыхьуар кьагъэлъагъуэу тхыгъэ куэд кьытрагъэдзащ «Голос адыгэ», «Советская Адыгея» газетхэм. Языныкъуэхэм жаІэрт, авторым и Іуэху епльыкІэ псомкІи мыарэзыми, тхылъыр абы и екъулІэныгъэшхуэу зэрыщытыр, абы узыІэпишэу, «укъимыгІыщщу» укъыхъэныгъэ хуэзыщІ ІэщІагъэлІэхэм, щІым хьер нэхъыбэ кьытыным зи зэфІэкІыр езыхьэлІэ къэхутакІуэхэм.

Дэтхэнэ зы Іэщ Іагъэліри зыигъэлІапІэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ и Іуэхур адэкІэ зыгъэкІуэтэн щІэбгъ игъэсэныр. Адрейхэмкі Іэщ Іагъэлі Іэхэм, щІым хьер нэхъыбэ кьытыным зи зэфІэкІыр езыхьэлІэ къэхутакІуэхэм.

ЩІыпІэ куэдым щызэбгрыкІа и къэралыгъуэ ящыщ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, Сталиным и зэманыр зыхуэдэр зыщІэж нэхъыжьхэм. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, гушхуэныгъэ къыпхехьлъхэ я хэкум и тхыдэм, я блэкІам нэсу пщІэ хуэзыщІ щІыхуэхэр иджыри зэрыщыІэм. Дауэ хъуми, тхылъеджэм Іэмал игъуэтащ Сталиныр иджыри зэ «зригъэкІыхуну», щхьэтепхъуэ лъэпкъи гъэпщкІуаи щымыІэу. Куэдым кьалъытэ Урысей Федерацэм кьихъуэ щІэблэщІым хэкупсэ гъэсэныгъэ етыныжкІэ Щоджэн Іэсхьэд и «Сталин» тхылъым иІэ мыхьэнэр кьыпхуэмылъытэным хуэдэу ину.

ХЪУРЫМ Хьэзрэт,
мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор.

Щ Іэблэр дрегъэхьэх

Профессор Щоджэн Іэсхьэд къэхутакІуэ Іэзэ, щІэныгъэлІ гъэзэджэ къудейкьым, атІэ ар ящыщщ еджным и пщІэр жылагъуэм кьыщыгъэІэт, абы щІблэр дезыгъэхьэх щыхьэхьэм. ЕгъэджакІэ Іэкіуэлъакіуэм Іуриль бзэр дахэщ, гурыІуэгъуэщ. Студентхэм я пащхьэ ящыт декІуэкІ, утыкуэхуэхэм кьыщинсэль докладхэм, и къалэмыпэм кьыпыкІ тхыгъэхэм, тхылъхэм абы щыхуэзфІокІ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэр бзэ гурыІуэгъуэкІэ щыхуэхэм я деж нихьэсым.

БИОГЕОХИМИЕМ, агрохимиемрэ, географиемрэ, щІыуэпсыр хъумэным, тхыдэм, социологием, щэнхабзэм, Іуэрыіуатэм ятеуэуауэ щІэныгъэлІ-къэхутакІуэм зэрызэшырэ тхыгъэхэр хуабжьу купщІафІэщ, хьэлэмэтщ. Щоджэным и тхылъхэм я гугъу щыщІкІэ, кьыхэсгъэщыпхъщ «Адыгейм и щІыуэпс хьугъуэфІыгъуэхэр» жьхуиІэр. Адыгэ Республикэр кьулейщ щІыуэпс хьугъуэфІыгъуэхэмкІэ, и щІыпІэ дахащхэм хуэдэ гъуэтыгъуейщ. Бгы льагэ мылылъэхэр, губгъуэгъ ящапкьэнщхэр, мэз Іуфэр, хуэпІ, куитер, псы уэрэр, гуэл щхьунтІэкІэр, Кавказ Ищхьэрэм щынэхь ин дыдэ Краснодар псы хъумапІэр, Кавказ къэрал щІыуэпс биосферэ заповедникыр – ахэр ящыщщ а щІналъэр изгъэущІ щІыпІэхэм дахагъкІэ, теплъэкІэ, щытыкІэкІэ кьаэзыгъэщхьэхукІхэм. Абыхэм эпкърыхауэ топсэлъыхь Щоджэныр. Апхуэдэу гулытэншэ ищІыркъым Адыгэ Республикэм туризмым зыщиужьын папщІ иІэ Іэмалхэр кьытэльэгъуным. Абыхэм, нэгъэущІ Іуэхугъуэхэм нэс «Адыгейм и щІыуэпс хьугъуэфІыгъуэхэр» тхылъыр республикэм и географие щІэнгъуазэу кьалъытэ. Абы яфІэгъэщІэгъуэну йоджэ школакІуэхэри, еджапІэ нэхьыщхьэхэм я студентхэри, щІыуэпсыр джыным, зыужьным зи Іэщ Іагъэр епхаэри, щалъхуа щІыналъэр фІыуэ зыльгъэ ІэщІагъэр.

Тхылъеджэ куэдым хуабжьу яфІэхьэлэмэтщ Щоджэн Іэсхьэд и кьалэмыпэм кьыпыкІа «Кавказ Ищхьэрэм щІым зэрыщелэжьыр» лэжьыгъэщхуэри. ТхылъиплІу зэхэт а къыдэкІыгъуэм кьыщыгъэльэгъуащ мэкъумэш ІэнатІэм щІыналъэм зэрызыщижьа щІыкІэр, абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, мэкъумэшыщІэхэр нэхъыбэу зэлъжь хьэщэпэщэр, щІыхуб медицинэм кьыщагъэсэбэп кьэкІыгъэхэр, нэгъэущІхэри. Тхылъхэр гъэщІэгъуэну зэхэгъуваш. Ахэр щитхъхъэзырым, щІэныгъэлІым щІыщыгъэкІыр Кавказ Ищхьэрэм и тхыдэм ехьэлІауэ щІэ лэжьыгъэхэр, зи щІыпІэм зэман зэмылІэужьыгъуэхэм щыІа тхыдэджхэм, нэгузегъэужькъуэхэм, зыплъыхьакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкі куэд, археологие кьэхутэныгъэхэм, Іуэрыіуатэдж зекІуэхэм щыІэзэхуахьэа тхыгъэхэм щыщхэр.

Гулытэ хэха кьелэжь Щоджэным и «Диетология риса» тхылъыми. Лэжьыгъэм ящІ дыдэ зэху кьышыгъэльэгъуащ а къэкІыгъэм и биохимие зэхэтлыкІэр, кьихащыкІ шхын зэмылІэужьыгъуэхэр, абы Іэпкъльэпкъым хуищІэр, кьыззрыгъэсэбэпыпхъэ мардэхэр.

ЩХЪЭПАЦЭ Аслъэн,
биологие щІэныгъэхэм я кандидат.

Унэтіакіуэ щыпкъэ

Кубань къэрал мэкъумэш университетым агрохимиемкІэ и кафедрэм и унаофэщІ, унэтІакІуэ щыпкъэ Щоджэн Іэсхьэд ятеуэуа я деж пщІэшхуэ щиІэщ. Ахэр яфІэхьэлэмэту йодалъэ абы и лекцэ купщІафІэхэм, щІэныгъэм и щэхуэм нос, абыхэм папщІэ Щоджэным итха зэреджэ тхылъхэр я Іэпэгъуу.

ЩОДЖЭНЫМ и кьалэмыпэм кьыпыкІа тхылъхэм ящыщщ «Агрохимие», «Агрохимиемрэ экологиемрэ щІыгъэ-щІэныгъэ щхьэхуэхэмрэ щІыпІэ-щІэхэм», «Щыгъэпщэрэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ», нэгъэущ куэди. МКЪУ-м и профессор Карпачевскі Лев кьыззрилъытэмкІэ, Щоджэн Іэсхьэд студентхэм папщІэ игъэхьэзыра тхылъхэм фІагъыщхуэ ябгъэдэлъщ, ипэкІэ кьыдагъэкІауэ щыта апхуэдэхэм ябофІэ? я зэхэлыкІэкІи, ярыт таблицэхэмрэ суратхэмкІи. 2002 гъэм Щоджэным кьыткъуэу щыта «Агрохимия»-м я пІэ увыпІэр кьыщихьауэ щытащ Кубань къэрал мэкъумэш университетым и студентхэр зэреджэ тхылъ псоми я зэпеуэм. А лэжьыгъэм папщІэ Щоджэным кьыхуагъэфэщащ щыхъ тхылъпэ «Кубаным и щІэныгъэр зэрыгушхуэ» медальмрэ.

Апхуэдэу щІэныгъэлІхэм я щытхъэшхуэ я кьихащ «Агрохимием хуеджэ студентым и библиотекэ» зэреджэ пособиемри. Ар тхылъи 10-у зэхэтщ икІи дэтхэнэ зыми кьууэ щызэпкьрыхащ кьэкІыгъэхэр хэсэным, абыхэм щІыгъэпщэр зэмылІэужьыгъуэхэр зэытеуухуэхэр нэхъ нэсу кьызэпкьрах.

ЩІэныгъэлІым зэфІэкІышхуэ ирихьэлащ пРунжьр щагъэкІкІэ ирахьэлІэ щІыгъэпщэрхэм ятеуэуа тхылъ щхьэхуэхэр гъэхьэзырынми. Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ пРунжьр щыгъэкІыным елэжь Іэщ Іагъэлізхэм кьагъэсэбэп Щоджэным и тхылъхэм ярыт чэнджэщ щхьэпэхэр. Абы и фІыгъэкІэ гъавэ бэви кьохьулІэ.

КИЗИНЕК Сергей,
мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор.

Дамэ лъэщхэр

Іуащхьмахуэ и дамэ лъэщитІым хуэбгьадэ хьунущ профессор Щоджэн Іэсхьэд и къэхутэныгъэ дэжьыгъэщхуэхэу «Биогеохимия», «ПРунжьм и агрохимиемрэ физиологиемрэ» жьхуиІэхэр. Абыхэм яхуэбгьадэ хьун монографие иджыри кьыхэхуакьым дунейпсо щІэныгъэ литературэм. Тхылъхэм кьыщигъэльэгъуащ къэкІыгъэ щхьэхуэхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ яку дэлъ зэныщІэныгъэхэр, а щхьэхуэм ящыщ куэди наІуэ кьыщыщІащ.

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭР щыгъуазэщ Менделеевым и таблицэ щІэрыІуэм и химие элементхэм ящыщ псори кьэкІыгъэхэм зэрахэлъым. А Іуэхум куэд щІауэ гулъытэ хуащІырт химикхэми, физиологхэми, биохимикхэми, арщхьэкІэ абы теухуауэ щыІэ щІэныгъэр апхуэдизу зэпэщхьэхуэт икІи гъуэтыгъуейти, дэтхэнэ щІэныгъэлІми ар кьигъэсэбэпырт химикхэм. А псори кьэлъыхьуэжьныр, джынир, зэІубэщІыкьныр - ар биохимикхэм кьапэщылъ кьалэныщхуэт. Абы хунэсащ щІэныгъэлІ щэджащэ Щоджэн Іэсхьэд. Абы и кьалэмыпэм кьыпыкІа «Биогеохимия» монографиер хуащІа а Іуэхумкіэ нобэр кьызідэсым иримыкъуу щытахэр зыгъэтэмэмыжа щІэныгъэ дзжьыгъэ ин.

Пасэ зэманым псэуа философхэм яІа гупсысэкІэм кьыщыщІедэзри, Щоджэныр хуокІуэ химие элементхэр кьызэрыгъэІуаха щІыкІэм. АдэкІэ къэхутакІуэм дыкІэлъегъэльэ химиер щІэныгъэу зэрызэтеувамрэ абы кьикІуа ГъуэгуанэкІыхьыпэрэ. Химие элементхэм ящыщ дэтхэнэми щхьэхуэу кьытеувыІэурэ, Щоджэным кьеъ ахэр гуп-гупу гуэшауэ щІэныгъэ дунейм зэрыщызекІуэу бзыпхъэхэр. Апхуэдэу Іэсхьэд кьегъэльагъуэ езым и Іуэху епльыкІэ щхьэхуэри, дэтхэнэ элементми и кьэхуэкІэмрэ щыІэкІемрэ иубыхуу. ЩІэныгъэлІым щыгъуазэ дещІ химие элементхэм щІыуэпсым, кьэкІыгъэхэм, щІыхуэм, псэущхьэ псоми я гъащІэм щаубыдэ увыпІэхэм. Лъжьыгъэ купщІафІэм и кІэуэху Щоджэныр топсэлъыхь кьэкІыгъэхэм я кьэхьукІэм, зыужьыкІэм, ахэр зэпльга Іуэхугъуэхэри гулытэншэ имыщІу.

«Биогеохимия» тхылъыр хуащІ щІэныгъэ куэд: агрохимиер, щІыгулъыр зэрызэхольыр, экологиер, физиологиер, биохимиер - зэпызыщІэ кьэхутэныгъэ. Щоджэным пищащ щІэныгъэлІ щІэрыІуэ Вернадский В. ирихьэжьауэ щыта кьэхутэныгъэхэм. И кьалэмыпэм кьыпыкІа тхылъри хуащІ биогеохимиемкІэ иджыри кьэс щыІа щІэныгъэ псори щызэхуэхьса щІэнгъуазэ. А монографие щІэрыІуэм папщІэ Щоджэным етІуанэу кьратащ щІыхь тхылъыр «Кубаным и Іуэхущ щІэныгъэр зэрыгушхуэ» медальмрэ.

ЭЩЫН Инус,
биологие щІэныгъэхэм я доктор.

Экономкэ Политикэ

Мэкъэку

Кавказ Ищкъэрэ Жьылагъэ

● Хэхъыныгъэхэр

Щыху щIэрыIуэхэр утыку къохьэ

Нэгъабэ и дыгъэгъазэм щIыху куэд хэту екIуэкIа пэкIуэхэм я ужькIэ Урысейм къыщыунэхуащ президент хэхъныгъэхэм кIэлъплъыну икIа къаIэну зыхуэзыгъэувыж зэщIэхъееныгъэм. «Урысейм и граждан зэщIэхъееныгъэм» хыхьащ КПРФ-р, СР-р, оп-позицэм щыщ нэгъуэщIхэр. Мыр политикэ зэгуэгъэныгъэу кьэлэнту зыкъыну. Ауэ дыгъэгъазэм екIуэкIа Iуэхуэхэм пэджэжу, «ХэхакIуэхэм я лигэ» кьызэрагъэпэщам политикэ гуэри эхпльагъэрэкIым.

«ЛИГЭР» кьызэзыгъэпэщар Урысейм щыщIэрыIуэ щIыху 16-щ. Абыхэм яхэтщ Блогер Адагамов Рустем, журналист икIи усакIуэ Быков Дмитрий, теленэтыныхэр езыгъэкIуэкI Лазаревэ Татьанэ, еджагъэшхуэ икIи политолог Орешкин Дмитрий, журналистхэу Парфенов Леонид, Романовэ Ольгэ, Пархоменкэ Сергей, тхакIуэхэу Улицкая Людмилэ-рэ Акунин Борисрэ, музыкант Шевчук Юрий. «Пэгун щIыху щIыкIухэр зэщIэхъееныгъэр зэщIэзыгъэIуэ Шкуматов Петр.

Иджыблагъэ «Лигэм» щIыщхэр журналистхэм епсэльащ. «Дэ етхьэжьа Iуэхум ди фIыщIэ хэлькым, абы куэд щIауэ ди къэралым щытепсэльыхьыр, - жиIащ Парфенов Леонид. - ЩIыхуэхэм кьагурыIуащ зэхэщIыкI яхэльу Iэ яIэтын, кандидатхэм яхэдэн зэрыхуейр. Бюллетенхэм я бжыгъэзэракьым Iуэхуэр зэльытар, атIэ СМИ-хэр, судхэр зыгуэрым и унафэ щIэмытынырщ, кандидатхэм зэхуэдэ Iэмалхэр яIэнырщ. Араща «хэхакIуэхэм я хуитыныгъэ» хъужри».

Зи гугъу тщIа псоми елэжьынущ щIэуэ кьэунэхуэ зэщIэхъееныгъэр. Абы и дамыгъэу щытынущ хужьыфэр - лентI хужьхэр, бгъэхэIу хужьхэр, хэбгъэзыжьмэ, пресс-конференцым хэтахэм я стIолхэм псым и пIэкIэ шэ зэрыт кумбыгъэхэр тетт.

«ХэхакIуэхэм я лигэр» кьыщызэрагъэпэщым нэхъыщхьэу тегъэщIапIэ ящIар политикхэр зэщIэхъееныгъэм хэтэн зэрыхуэмейрц. Апхуэдэу абы хэткъым кьулыкъущIэкъу гуэри, - кьыхигъэщхьэхукIащ Шкуматов Петр. - Ди кьалэн нэхъыщхьэр кьабзагъэр хьумэнырщ. Араща хужьыфэр дамыгъэу кьыщIыхэтхарц».

«Сэ мурад сщIащ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм сыхьыхьэну, - жиIащ Шевчук Юрий. - Мыбы щызэхуэсащ политикэ Iуэху зезымыхуэхэр. Политикэр я фIэщ хъужьркъым. Сэ-сиIэщ зы псэльафэ: «Питаникыр кьэзыгурпсысар IэщIагъэлIэхрэ, Нухь и кхъухьыр зыухуар а лэжьыгъэр фIыуэ зыльаГурщ. Ябынныкъуэхэм дежI Iуэхур фIыуэ зыльаГурщ. Ар ирикIунущ а къэралым щIыдагъэм щелэжь и Iэнатlэм.

Иджыблагъэ Урысейр Украинэм гурыIуащ а къэралым и щIыналъэм щIыдагъэ зэпхырашым хуагъэуэ уасэмкIи - зы тонным еврэу 7,7-рэ хуозэ.

ЖЕБИТ Марие.
«Известия»

● ЩIыдагъэ

Уасэщ1эк1э

Москваер Минскрэ зэгурыIуащ Белоруссием урысей щIыдагъэр зэрыпхрашым хуагъэув уасэмкIэ. ЩIышылэм и 1-м зы тонным и гъэIэпхъуэпщIэр процентн 8-м щIигъукIэ нэхъ лъапIэ хъуащ.

КЪЭРАЛИТIР абы тетхуауэ кIыхьу зэпсэльащ. Урысейм зэIущIэм игъэкIуащ Тарифхэмкъэ федеральнэ Iэнатlэмрэ «Транснефть»-мрэ ящIащ къулыкъущIэхэр, Белоруссием и щIэкIэ абы хэтащ экономикэмкIэ министерствэмрэ «Белнефтехим» концернымрэ я лыкIуэхэр. Ипэкlэ зэрыжьитIащи, ахэр зэгурыIуащ процентн 8,3-мкIэ.

Нахьапэм Белоруссием тригъэчыныхьыпт процент 20-м. Арщхьэкlэ Урысей Федерацэм ар егъэлеиIуауэ кьиIыпт.

- Мыбдеж Белоруссиер зыкIи щIыхилъэфакъым. Дэ газ Iэнатlэм куэдкIэ нэхъыбэ щIыхудэтчыхащ, - жиIэ Энергетикэ зыужьыныгъэмкIэ фондым и унафэщI Пикин Сергей. - Минск мы зэманым хуабжьу ахъшэ хэзныкъуэщ и экономикэр зэтриIыгъэн папщIэ.

2011 гъэм мазаем и 1-м и пэкIэ Белоруссием и щIыналъэм зы щIыдагъэ тонныр пхрашыным хуэзэу щытар доллари 4,3-рэщ. Ар километри 100 къэс хуэзэу. ИужькIэ ар процент 12,5-м нэскIэ драгъэуеящ. Иджы цасэр зэрызэIэпахынкIэ Урысейм и сомхэмкIэщ.

Ильэс къэс Урысейм и щIыдагъэу тонн мин 75 - 80 хуэдизу Белоруссием и щIыналъэм пхрокI. Абы къыдэкIуэу 2012 гъэм бжьамийкIэ езы Белоруссием тонн мелуани 2,1-рэ хуаутIыпщыну я мурадщ. Ар ирикъунущ а къэралым щIыдагъэм щелэжь и Iэнатlэм.

Иджыблагъэ Урысейр Украинэм гурыIуащ а къэралым и щIыналъэм щIыдагъэ зэпхырашым хуагъэув уасэмкIи - зы тонным еврэу 7,7-рэ хуозэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Iуэху еплъыкIэ

Щ1ым теухуауэ иджыри зэ

ИЛЬЭС 20 кьыззэдэкIащ СССР-у щыта ди къэралыр зытет зэрыкIэм текIуэу и зеимыдзэу, фIэяуану, Iей фIэкIа зыфI закъуи зыхимылъагъуэу щыта капитализмым и Iуэгум зэрытеувэрэ. Къэралым и япэ президент Горбачев Михаил «перестройка» жиIэу шхуэмылакIэр тIэкIу кьызэригъэлалэу, прибалитие къэрал щыкIуэхэм лъэныкъуэ зрагъэзэри, модрей 15-м щыщу кьэнэжахэмри загъэгувакъым. Арати, РСФСР-р и закъуэу кьэнэжащ, зэрыжаIэу, тепщэч кьутахуэм еплъу.

Урысхэм щапхъэ мыхьымщIэр уз зэрыщIалэм зэрырагъэщхьам хуэдизэу, мыдрейуэ, АО, АССР мардэм ит лъэпкъ щIыкIуэхэм, кьэзакъ дыдэхэри яхэту, Урысейм кьыгуэкIын мурад зимыIа щIагъуэ яхэтакъым.

А шынагъуэр къэралым пшагъуэу щыщхьэщIыгъуалъхьэм, Урысейм и президент хъуа Ельцин Борис гуэмыкIынхэу лъаIуэу закъыхуигъэзащ, а мурадыр кьэзгъанэ закъуи, суверенитэту щхьэж хуэгъэкъаруунум хуэдиз фызот жиIэу. Сытми, апхуэдэ щIыкIэкIэ, кьызэщIэплъахэр хуэм-хуэмурэ «упщIыIужхэри», суверенитет жьыуIэжьым и кьупхъэм ит хуитыныгъэхэр зыIэрагъэхьэри, я конституцхэм дзгъуэ дыдэу ирагъэзэгъащ. Абыкlэ мыакъыIэгъуу, гуэкIын мурадхэр зыкъуэдия щэщэхэм я махуэ хъуам дыщIыгъуаззащи, Тхьэм апхуэдэ щIэщхъум дыщихьумэ дэтхэнэ зы лъэпкъ мащIэри.

Иужьыдыжьа Путиным президентыгъэм и етIуанэ пIалъэр щигъэзащIэм, Урысейм и Конституцэм кхъуэанэ зырыз щIыгъуу къаритри, лъэпкъ щIыкIуэм я Iэтащхьэхэми я конституцхэр щIагъэпщынэу ирагъэ кьахуищIащ. Парламентхэм а кхъуэанэмкIэ хабзэхэр яухуэнщIри, суверенитетыр хуэнщIеиуэ хыфIапхъэжащ. Абыкlэ къыдэупщIаламэ балигъэхэм фощIэж, ауэ хуитныныгъэ егъэлеи тхуэмыфащуэ кьыщалъытакIэ, дыхуимыту пIэрэ ди хэку щIыкIым кьыIыпс щIым и унафэ тщIыжьыну, нэгъуэщIхэм ящIэнум дыппльэу дыщымыоу?

Емыльдж зыфIаща 90 гъэхэр кьызэдэкIри, лIащIыгъуэщIэм и Iыхьэ пщIанэм ебэкI лъэбакъуи тчащ, ауэ мы щIым и Iэкур нобэр кьыдэсым кхъуеиплъыжькIэрыщIэщ. Унафэ пыухыкIа щымыIэми, щIы гектар зыбжанэ зиIэхэм, уеблэмэ зыщIэжхэм ящIрохьэлIэ газет нанэкIуэщIхэм. Дэнэу пIэрэ апхуэдиз щIы Iыхьэ кьызэдрахар?

Колхозхэр, совхозхэр лъэпкъэ хуэдэщ, ауэ нэгъабэ ищIнэгъэм ильэс 20 и пэкIэ кьрахьэлIэу щытам ебэкIыу гуэдз бэ кьытрахауэ щытащ. Ауэ мыгурыIуэгъуэр ар зи гуащIэдэкIыпщ. Фермер, бжэнэрыпсыдакъэ? СыдэущIыгъуэзэращи, апхуэдэ лэжьэкIэм зи Iэхэр хуэзыгъэзэпсахэр щIэчэ имыIэу мэтхъэусыхэ, щIым телъжьыхьыным фейдэ щIагъуэ кьаХуимыщIу жаIэу. Техникэри, щIыгъэпщэхэри, щIым щIат уасэри зэрыпльапIэм кьыхэкIэ.

Лениным Разлив хьтIыгу щIыкIым зыщигъэпщкIуауэ и гупсысэхэр итхыу пIалъэ тIэкIу кIэ пщыIэм щыщIэсам кьиГъэдурысахэм ящIыщщ «Мамыригъэм и декрет», «ЩIым и декрет» жыхуаIэхэу къэралыщIэ кьэунэхум и япэ дыдэ унафэхэр.

ЩIым теухуа декретым ипкъ иткIэ, щIыуэ десятинэ мелуани 150-рэ (зы дес. гектар 1,45-рэ мэхъу) кьытрахащ пащтыхь унагъуэм, помещикхэм, члисэхэм, пенсэ тIысыжьа генералхэм икIи а псори мэкъумэшыщIэхэм иратыну кьагъэуври, Iуэхур дзэхьхи комитетхэри кьызэрагъэпэщыжащ. Пэжри, апхуэдэ дыдэуи ящIэгъат. Кьэбэрдейр кьапщтэмэ, унаГъуэм исым ельытауэ десятинищ-пщIы зыльыса щыIащ икIи мыщхьэхэзу телъжьыхьурэ, бэр кьэбэдзэуэжат, кьаХэжаныкIахэри мымащIэу. Адыгэхэм игъащIэми щIымрэ псымрэ пщIэшхуэ хуащIу кьекIуэкIырти, мо кьахуэкIуэкIа насыпым емылъэпауэу хьэр кьызэрыпрахыным и псэукIэщIэр хуаунэтIащ.

ЩIымкIэ фIыщIэр зыбгъэдэпх мыхьэн Лениным «военнэ коммунизм» жыхуиIэу ягъэпса политикэм цыхьэр зэтриIалIэ мыхьумэ, зыфI гуэри зэрыпымыльтыр кьыщыгурыIуэжам НЭП-р (экономикэ политикэщIэ) кьыхилъхьри, цыхьхэм зыкьаужьыжащ. А зэманым щIым телъжьыхьхэм «мелко-товарное крестьянское производство» жыхуиIэр кьызэрагъэпэщыну хуит ящIат. Ар 1921 - 1929 гъэхэм екIуэкIа политикэщи, зи нэгу щIэкIаxэм а НЭП-м хиубыда ильэсхэм щыгъуэ фIэкIа зыфI закъуи Советхэм дамыльэгъуауэ жызыIаи срихьэлIащ.

Лениныр щIым и зехьэкIа хъунум щегупсысым, американ фермер зехьэкIэр фIэкIабылу щытати, щапхъэ хъарзынэм ебакъуэри, зэрыжаIэу, лъакъуэрыгъажэ кьигупсисащ икIи ар «Кооперацэм тетхуауэ» жыхуиIэ лэдэсым кхъуеиплъыжькIэрыщIэщ. Унафэ пыухыкIа щымыIэми, щIы гектар зыбжанэ зиIэхэм, уеблэмэ зыщIэжхэм ящIрохьэлIэ газет нанэкIуэщIхэм. Дэнэу пIэрэ апхуэдиз щIы Iыхьэ кьызэдрахар?

Колхозхэр, совхозхэр лъэпкъэ хуэдэщ, ауэ нэгъабэ ищIнэгъэм ильэс 20 и пэкIэ кьрахьэлIэу щытам ебэкIыу гуэдз бэ кьытрахауэ щытащ. Ауэ мыгурыIуэгъуэр ар зи гуащIэдэкIыпщ. Фермер, бзэнэрыпсыдакъэ? СыдэущIыгъуэзэращи, апхуэдэ лэжьэкIэм зи Iэхэр хуэзыгъэзэпсахэр щIэчэ имыIэу мэтхъэусыхэ, щIым телъжьыхьыным фейдэ щIагъуэ кьаХуимыщIу жаIэу. Техникэри, щIыгъэпщэхэри, щIым щIат уасэри зэрыпльапIэм кьыхэкIэ.

Лениным Разлив хьтIыгу щIыкIым зыщигъэпщкIуауэ и гупсысэхэр итхыу пIалъэ тIэкIу кIэ пщыIэм щыщIэсам кьиГъэдурысахэм ящIыщщ «Мамыригъэм и декрет», «ЩIым и декрет» жыхуаIэхэу къэралыщIэ кьэунэхум и япэ дыдэ унафэхэр.

ЩIым теухуа декретым ипкъ иткIэ, щIыуэ десятинэ мелуани 150-рэ (зы дес. гектар 1,45-рэ мэхъу) кьытрахащ пащтыхь унагъуэм, помещикхэм, члисэхэм, пенсэ тIысыжьа генералхэм икIи а псори мэкъумэшыщIэхэм иратыну кьагъэуври, Iуэхур дзэхьхи комитетхэри кьызэрагъэпэщыжащ. Пэжри, апхуэдэ дыдэуи ящIэгъат. Кьэбэрдейр кьапщтэмэ, унаГъуэм исым ельытауэ десятинищ-пщIы зыльыса щыIащ икIи мыщхьэхэзу телъжьыхьурэ, бэр кьэбэдзэуэжат, кьаХэжаныкIахэри мымащIэу. Адыгэхэм игъащIэми щIымрэ псымрэ пщIэшхуэ хуащIу кьекIуэкIырти, мо кьахуэкIуэкIа насыпым емылъэпауэу хьэр кьызэрыпрахыным и псэукIэщIэр хуаунэтIащ.

ЩIымкIэ фIыщIэр зыбгъэдэпх мыхьэн Лениным «военнэ коммунизм» жыхуиIэу ягъэпса политикэм цыхьэр зэтриIалIэ мыхьумэ, зыфI гуэри зэрыпымыльтыр кьыщыгурыIуэжам НЭП-р (экономикэ политикэщIэ) кьыхилъхьри, цыхьхэм зыкьаужьыжащ. А зэманым щIым телъжьыхьхэм «мелко-товарное крестьянское производство» жыхуиIэр кьызэрагъэпэщыну хуит ящIат. Ар 1921 - 1929 гъэхэм екIуэкIа политикэщи, зи нэгу щIэкIаxэм а НЭП-м хиубыда ильэсхэм щыгъуэ фIэкIа зыфI закъуи Советхэм дамыльэгъуауэ жызыIаи срихьэлIащ.

Лениныр щIым и зехьэкIа хъунум щегупсысым, американ фермер зехьэкIэр фIэкIабылу щытати, щапхъэ хъарзынэм ебакъуэри, зэрыжаIэу, лъакъуэрыгъажэ кьигупсисащ икIи ар «Кооперацэм тетхуауэ» жыхуиIэ лэдэсым кхъуеиплъыжькIэрыщIэщ. Унафэ пыухыкIа щымыIэми, щIы гектар зыбжанэ зиIэхэм, уеблэмэ зыщIэжхэм ящIрохьэлIэ газет нанэкIуэщIхэм. Дэнэу пIэрэ апхуэдиз щIы Iыхьэ кьызэдрахар?

- Адыгэ псалъэм» нэгъабэ тетыгъащ МызАхьмэд и «Илъэсищэм нэблагъэми...» тхыгъэр, щхьэлыкъуэдэс, илъэс 97-рэ зи ныбжь Куэшмэн Мэжид триухуар. «Колхозхэр щыIэхагъэхьахэр нобэ хуэдау сощIэж. Абы щыгъуэ балигъыпIэм сынэсат. ЦIыхум кьалэжьауэ хъуар колхозым залымыгъэкIэ Iахащ.

Ар зымыдэу кьэуба зыкъоми щыIащ, ауэ псалъэмакъ зыщIаxэр ягъэтIысащ. Ди адэ-анэм зэкъуэшипIрэ зэшыпхъуипIрэ драIэти, IэщIэвыщIэу 20-м нэс, мэлуи апхуэдиз, жэм кьаШу зытхух, шыгу зэщIыщIаят, хьв зетхуэу щытащ. А псом щыщу унагъуэшхуэм кьытхуагъэнар зы жэм закъуэщ», - жиIэ Мэжид.

«Зэакъылэгъуэ зэгухьаxэм» кьагъэкIа гъавэм щыщ я унагъуэм яхьаныу зэрыхуимытаxэри, гуэзвэгъуэм абы тригъэгушхуэм иращIэу щытари кьыхоущхьи ди анэ мыгъуэм жиIэу сигу кьинэжа уэрэдым. Мыр нартыхуэ кIэнащ зи гуфIэкIам кьыдахьу яГъэтIысу кьэзымыгъэзжа Данил гуэрым и фызым хуиуса гуIэ уэрэдт:

Шы къэбдыгъуауэ уамыгъэкIуэдт, Вы къэбдыгъуауи уамыгъэтIыст. УзытекIуадэр мо кIэначищкIэ, уей.

Анэм зэрыжиIэжьмкIэ, а фызыр Бынитхуэм ятеубгъуауэ псэуащ, «си Данил мыгъэ» жиIэрейуэ.

Пэж дыдэу, Ленинир «кьызэзыт-стэзыхьыж» жыхуиIэм хуэдэу мэкъумэшыщIэхэм кьахущIэкIащ, тезыхьыжар езы дыдэр армырами. Иджы а совет властым кьыдищIауэ щытам, щIыр цIыхум кьатрихьу япэ щIыкIэ я зэхуэдэ «мылъку», итIанэ «цIыхубэм эдгъэ», ауэрэ, «социалист мылъку» кIуэуэрэ, «къэрал мылъку» фIащыжьауэ щIыуэ хъуари щIы щIагъэм щIыпIэхэри зейуэ конституцэкIэ щIэзыгъэбдзэжа къэралым дыщопсэу дэ. Урысхэм псалъэжь гуэр яIэщ: «Сэри сшхынкъым, нэгъуэщIми естынкъым», - жиIэу. Абы изэгъэщхь ди къэралым щIым теухуауэ политикэ ублыуэ зэгуимыIэр.

Сыт щIапхъэр? Сэ сызэреплъымкIэ, щIыр кьызытрахахэм етыжьыпхъэщ. ЩIым телъжьыхьыным кьуажьдэсэхэр щымыIужьыпIэ щIыкIэ, мы Iуэхум унафэ тещIыхьым хуейщ.

ПХЫТIЫКI Юрэ, *учыл. Щэджэм къалэ.*

● Бжыгъэхэм кьаIуатэ

Сыт хуэдэ увыпIэхэр иIыгъ?

ООН-м кьытахэм ятепщIыхьмэ, Урысейм дунейм мыпхуэдэ увыпIэхэр щиIыгъщ:

щIыуэпс газу кьыщIишым икIи ищэм я куэдагъымкIэ - япэ увыпIэр;

щIыдагъэу кьыщIишым и куэдагъымкIэ - япэ увыпIэр, ищэмкIэ - етIуанэр;

щIыуэпс кьуленгъэхэм я инагъымкIэ - япэ увыпIэр;

налмэс кьуленгъэхэм я куэдагъымкIэ, нэгъуэщI кьэралхэм ярищэр зыхуэдизымкIэ - япэ, кьыщIыхьмкIэ - етIуанэ увыпIэхэр;

кьэралым дыщэ гъэтIылъыгъэу иIэхэмкIэ - ещанэ увыпIэр;

гъущI зыщIэпъ щIыпIэхэу кьахутаxэр зыхуэдизымкIэ - япэ увыпIэр (дунейпсо гъэтIылъыгъэхэм я процент 28-р);

платинэ гъэтIылъыгъэхэр зыхуэдизымкIэ - етIуанэ, нэгъуэщI кьэралхэм ярищэмкIэ - япэ увыпIэхэр;

дыжьын кьуленгъэхэмкIэ - япэ увыпIэр;

дыщэ кьыщIэхьпIэу кьихутаxэр зыхуэдизымкIэ - етIуанэ увыпIэр;

фIамыщI зыщIэпъ щIыпIэхэу кьахутаxэр зыхуэдизымкIэ - япэ увыпIэр (дунейпсо гъэтIылъыгъэхэм я процент 23-рэ);

мэзхэм я куэдагъымкIэ - япэ увыпIэр (дунейм щыIэ мэз псоми я процент 23-рэ);

ираф хъу псыуэ иIэр зыхуэдизымкIэ - япэ увыпIэр;

электрокъару зэгуIуалI гъущI гъуэгуэхэм я кIыхьагъымкIэ - япэ увыпIэр;

дзэхэу, цинкыу, титану кьахутаxэр зыхуэдизымкIэ - япэ увыпIэр;

ерыскъым хатъхьэ щIыгъуэр зыхуэдизымкIэ - япэ, калий щIыгъымкIэ - етIуанэ увыпIэхэр;

гъуаплъэ, бдзапIэ зыхьыгъэ щIыпIэхэу кьахутаxэр зыхуэдизымкIэ - ещанэ увыпIэр;

автомобилу нэгъуэщI кьэралхэм кьыщIищэхэм и куэдагъымкIэ - япэ увыпIэр;

азот щIыгъэпшэрхэу нэгъуэщI кьэралхэм ярищэр зыхуэдизымкIэ - япэ, фосфор, калий щIыгъэпшэрхэмкIэ - етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр;

торф гъэтIылъыгъэхэм я куэдагъымкIэ - япэ увыпIэр; (дунеим щыIэ псоми я процент 47-р);

щIыху кьэс хэхъуэу кьыIэрыхьэм и куэдагъымкIэ - бгъуэпрэ ебланэ увыпIэр;

мелардырыбжэ (доллархIэ) зэрыхьу псынщIагъымкIэ - япэ, доллархIэ мелардырыбжьхэр зыхуэдизымкIэ - етIуанэ увыпIэхэр (США-м и хьэмбэ);

щIыхуэхэм я псэуIэр зыхуэдизымкIэ - хьщIрэ ебланэ увыпIэр;

езыр зэрыхьу бжьыгъэм тещIыхьауэ щIыхуу щаукIым и куэдагъымкIэ - етIуанэ увыпIэр (Колумбием и ужькIэ).

кьэралым зы щIыхум ахъшэу тригъэкIуадэр зыхуэдизымкIэ - блыщIрэ етIуанэ увыпIэр;

технологиехэм зэрызыщауэкьымкIэ - кIуэрэ етIуанэ увыпIэр (Костэ-Рикэмрэ Пакистанымрэ яку дыдэтщ);

бюрократием зэрызыщIугъуакIэ - етIуанэ увыпIэр;

щIыхуэхэм я узынщагъэр кьэзыгъэльагъуэ пщащхьэхэмкIэ - щэрэ тIощIрэ ебланэ увыпIэр;

щIыху гъащIэм и кIыхьагъымкIэ - щэрэ щэщIрэ еплIанэ увыпIэр;

щIыхуэхэм я гъащIэм и кIыхьагъымкIэ - япэ увыпIэр;

фадэ гуащIэу щащэр зыхуэдизымкIэ - япэ, тутыну щафымкIэ - ещанэ увыпIэр;

хущхъуэ нэпщIхэу зыхуэзрагъакIуэр зыхуэдизымкIэ - етIуанэ увыпIэр;

гъ-лыпинтхуэ узхэм илыкIхэр зыхуэдизымкIэ - япэ увыпIэр.

● Къэралхэр

КIуэдыжьыну къыхIуихат...

Илъэс тIощI и пэкIэ лъэлъэжащ Югославиер

Зэгуэр къэрал лъэщу щытам иджы НАТО-м и базэхэр щыхэзгъэшащ. Политик нэхъ щIэрыIуэ дыдэр мыпсэужь коммунистыращ. Арщхьэкlэ иджыри кьагурыIуэркъым щIыхуэхэр зэрыгъэзэр. Зы гуэрхэр хущIэмыкьуауэ пIэрэ Урысейри а лъыгъажэ лъагъуэм трагъэувэну?

- Кьалэр Iыхьищу гуэшат: мусльымэнхэм зыщагъэбыдащ кьалэкъум щыIэ мэжджитхэм, хорватхэр члисэхэм нэхъ пэгъуэнэгъут, сербхэр хущIэкьурт псы Iуфэм нэсыну. Дэнэ щыпIи хьдэхэр щыплъагурт. ЦIыхубзхэри, сабийхэри, лIыжь-фызыжьхэри яуклIыт - кьапщIэхуэхэм ящыслъыжьтэкъым. Кьелъэкъым Алыхьым елъэIуэрэ жор зыщIэхэри. Унэхэм хьэбзсабэ кьыхраты-эхащ. Лъэмыжьыжьыр псым хэхуащ, кьыIээтещахэри.

«Дэ лъым зыщIидгъэпскIырт»

СЭ ТАКСИЗЕХУЭ Азиз сыкьышIрешэкI 1992 - 1995 гъэхэм Югославием и щIыуэ щытахэр Боснием и Мостару кьалэм и дэтхэнэ уэрамым папщIи зи гъащIэр зытыну хьэзыру щыныкьуэкьуахэр си нэгу кьыщIэзыгъэхьэж щIипIэхэм. Унэхэм ящыщ гуэрхэри зэрагъэпэщыжащ «Евросоюзым и мылькуIэ». Лъэмыкыр зэфIагъэувэжащ, щIэрыпсым хуэдэу. Азиз сегъэльагъу езым и гъунэгъу хорватым щеуэм щIыгъуэ зэрыщIэкIри, сэ блыпкъым шы кьыпхригъэкIащ.

- Сытыт абы уз езыр ущIеуар? Фызэмызэгъыу арат?

- Сыт щхьэмэ? ДызэофIт, дызэдефэрт. Iуэхур кьызэзрагъэужкIыт: нэхъапэм дэ псори югославу дыщытащ, итIанэ заншIэу кьэралыр ягуэшу щIадзащ. Иджыри къэс сэ езым кьызгурыIуэжыркъым дыдэпэщIэувэн хуей щIэхуар...

...Иджыпсу Азиз пщыхьщхьэкIэрэ аркъэ дофэ зэгуэр щэкIэ уIэгъэ зыщIащэ щыта и гъунэгъум. ТIури хущIокъу блэкIар ягу кьамыгъэкIыжыну. КьыхэгъэщхьэхуфIкIи хуейщ Югославиеу щытам и щIыхуэм зауэр ягу кьагъэкIыжыну зэрыкъуэгъэ. Ар щIыхуэм гуэрыIуэгъуэу жиIэфырыкъым езым и гъунэгъуу, ныбжьэгъуу, щIасэу щытхэр иукIыну щIыхуэежьам и щхьэусыгъуэр - нэхъапэм ахэр зы лэгъупым ишхыкIыу кьэгъэзыгурыкIауэ. Хэт дэтхэнэхэм я бийт? Мусльымэнхэр сербхэм хорватхэмрэ япэщIэуват? Хьэмэрэ, хорватхэмрэ сербхэмрэ мусльымэнхэм япэщIэуват? Е сербхэм псоми я бийуэ зыкъаIэтат? «Дэ лъым зыщыдгъэпскIырт икIи дыкьэувыIэжьфыртэкъым, - кьызжиIащ сэ хорват Миланович Станко.

Псори делэ дыхьуат: кьыгтпэщIэхуэ щIыхуэхэр дукIырт. Югославиеу щытам и щIыху мин 250-рэ хэдэуадащ абы щыпсэуа щIыху мелуан 20-м щыщу. ЦIыху мелуани 4-р нэгъуэщI щIыналъэхэм кьыщыхутащ.

Кьалащхьэу щыта Белградрэ абы хуэдэ кьалэщхьэуэу пщIыхьэмрэ НАТО-м и авиацэм и удынхэр яIэсащ. Югославиер кьэралипщI хъуащ: къэралихьр дунейм кьыщащIыпащ, адрей пIлыр зыми кьыльытэну и муращIым. Гитлер лъэщу пэщIэта, езы Сталиным фIэмылIыкIа, заузлI мин 600 хьу дзэ зиIа Югославием зыри кьыхэнэжакъым. Языныкьуэ щIыналъэхэр хопсэуй тенджыз Iуфэм дыгъэ щIэзыгъэзэухэм кьапыкI фейдэм, адрейхэр факьырэщ - кьухьэпIэм зэпымыуэу ахъшэкIэ йольэу, НАТО-м и дзэхэм Боснием, Сербиер, Македониер я унапIэ хъуащ.

«Уурысмэ, зегъэхь!»

БОСНИЕМ и Генералнэ щхапIэ щызыIыгъ Краш Марие игу кьегъэкIыж: - Сэ Хорватием щыщ Дубровник сыщыпсэурт. Ди унэм мафIэ щIадзат. Дэ дыдэуIыкIуат, дызэрысерб кьудейм кьыхэкIыу. Си щхьэгъусэмрэ сэрэ щхьэгъубжэм дыкьыдэлъащ джанэ пщIанэу. Иджы мыбы зыщыдогъэпщкIу икIи кьыщуроуIу ди унэ зэм зэрыдмыгъэззэкьыфыпкIыр.

Ебэы Требинье и кур нэщIщ. Ар ягъэдахэ Уэсмэн империем и зэманым ящIа мэжджкьутэм. Марие кьызыдэкIын хуей хьуа Дубровник мы зэманым тенджыз курорт зыкьызыхуэ. Абы и хьэщIэщхэр Москва нэхьрэ нэхь лъапIэщ. ЗыгъэпсэужкIуэхэр здамыщIэ кьадэ гъунэхэм серб члисэхэр щымащIэкъым. ЗэхэфыщIауэ, я щхьэгъубжэхэр кьыхэхуауэ щытат ахэр. Я бжэхэм тетхащ: «Уурыс! Уэракъэ сербхэм ядэпыкьуар? Упсэуну уухуейм», зегъэхьI» 1995 гъэм Боснием и кьалащхьэ Сараевэ сербхэмрэ мусльымэнхэмрэ я щIыналъэхэр Iыхьитlу щагуэша иужь, япэрейхэр езыхэм ялыса Iыхьэм Iэпхъуэжащ я адэхэм, нэгъуэщI я Iыхьлыхэм я кьупщхэхэр кьхъэхэм я кьащIыжькIри. Зауэр иухащ, зэбий зэхуэхьауэ, щытахэр ерагъкIэ зэбгъужащ, арщхьэкIэ блэкIар зыми щыгъупщжакъым...

- Клинтон Билл и уэрамым дызэрыстехьэнур кьыщIэкIат.

- Жьыжьэкъым. Кьалэжь дыдэм хуозэ. Жэзым кьыхэсгъэжьыкIа мо иныжьыр плъагъркъэ?

Клинтон Приштинэ щыхуадагъэува фжеплъым ту лъымытэну гуэрхэр. Албан сепаратистхэм США-м и президент Клинтон фIыщIэшхуэ хуащI 1999 гъэм и гъатхэм Югославием бомбэкIэ еуэну унафэ кьыззэрищтам кьыхэкIыу. Серб мелуани 2-м щигъу щтапIэ ихьжьауэ кьэралым и ищхьэрэ зыпкъыгъуэм щыIащ, псэупIэ щIэзыгъэлащхэмэр я хэщапIэу. Сэ шоферым щэхуу сопсалъэ - сербыбзэкIэ упсалъэу зэхахмэ, Косовэ ущыукIынкIэ хьунущ, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ хэмылъу. Пече дэт хьэщIэщым и тетым зыкьыскъуегъаз, си паспортым кьыгурыIуэр: «Кхьыlэ, хэIущIыIу умыщIуэзрыурысыр!»

...ЩIы кIапэ-кIапэрэ зэкIэщIатхъа кьэралым и щIыхуэр мы зэманым зэкъуэзыгъэувэр ар кьызэзыгъэпэщауэ щыта Титэ Броз Йосип и щIэзыгъэкIуэр. «Дэ абы и зэманым фIыуэ дыззэрыпсэуам хуэдэ зэи кьыгтхуихуэжынукъым», - кьызжиIащ серб гъунапкъэхьумэхэм я дежь сыкъыщришалIэм албан Хьэсэн. «Фэ апхуэдэ зэи Совет Союзым фи щIыхьэпIэ кьыщIыхьэхуакъым, - подкъэж абы Боснием щыщ Яско. - Дэ жэнэтым дыщыпсэуащ; ерыскъыр тыкуэнхэм щIэзт, Германиемрэ Франджымрэ визэнщэу дыкIуэ хъурт, щIэпхьаджагъэ щыIэтэкъым». «Европэм дэ пщIэ кьыщIихуащIырт, иджы я Iыхьлы факсырэхэм хуэдэу дыкIыщIалъытэ», - пещэ хорват Стефан. ЦIыхухэм зэреупщIам кьызэрригъэльэгъуамкIэ, 1980 гъэм лIа югославэ Iэтащхьэм и тельхьэу мы зэманым хэхьныгъэхэм кьыщIыкIыну хэхакIуэхэм я процент 65-м щIигъу. Арщхьэкlэ езы кандидатри лIащ, ар зи Iэтащхьэу ятха къэралри щыIэжкъым.

Югославиер зэрагъэльэпхьыну я мурад Iэмалхэр хуагъэхьэзырауэ щытащ СССР-ми. Абы кьыкIуар дэ дольагъу.

ЗОТОВ Георгий.
«Аргументы и факты».

Истамбыл къалэм и Истиклал уэрамым адыгэхэр къыдохьэ.
2012 гъэ, щIыпIэм и 29

Адыгэхэр пэкIу егъэкIуэкIыным йосэ

Дыгъэм и бзийхэми хуабагъэу кьатыр машIэт а махуэм, апхуэдизкIэ дунейр щIыIэт, уаем узэпхьлыгъуэкIырт. Мыхуэдэ махуэ Истамбыл къыщIыхунхуэр зэззмыззэххэт. Апхуэдэу щытми, къызыхэкIа гъэпкъым гууз-лыуз хузиIэ адыгэр гупгупурэ Истиклал уэрамым щызэхуэсырт щIышылэм и 29-м. ШэджагъуэнэущIым, сыкьэтыр 3-м щынэбдэгъэм нэрыбгъищ зыбжанэ зэрыгъэхъуат ахэр.

ИСТАМБЫЛ и Истиклал уэрамыр кьалэм и щIыпIэ нэхъ щIэрыIуэгъэ язщ, тхыдэшхуэ иIэщ, а хьэблэм ижь ныпдэрэ щопсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм кьаухэIаxэр. А уэрамыр щIыхубэм я зэхуэсыпIэщ, зэгуфхэныгъэ щхьэхуэхэм я пэкIу егъэкIуэкIыпIэщ. Гукъеуэ зиIэ щIыхуэхэм я гуэщIыр властым дежь щынахьэсафыр мыбдежьырщ. Тыркум щыIэ адыгэхэм м

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

И лэжьыгъэхэм псэр ягъэхуабэ

Иванниковэ Ольгэ

«Бжьыхь дышэфэм узыЩэпешэ» проектым хыхьэу, иджыблагъэ кьызэІуахащ сурэтыщІ Иванниковэ Ольгэ и гъэлъэгъуэныгъэ. Абы и Іэдакъэщ Іэкі Іэр Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Щ Інхабзэмкі э и фондым и пэщхэм щыІІадзащ, сурэтыщІым и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар дагъэлъапІэу.

ИВАННИКОВЭ Ольгэ 1961 гъэм Ижевск къалэм къыщыдахуащ. СССР-р илъэс 50 зэрырикъуам и щІэр зезыхьэ Удмурт къэрал университетым 1984 гъэм къыуахащ. 2001 гъэ лъандэрэ Урысейм и СурэтыщІхэм я зэгухэныгъэм хэтщ. 1998 гъэм къыщыщІэдзауэ кьалэм, республикэм, къэралым и щІыналъэ зэхуэмыдэхэм къыщызэІуах гъэлъэгъуэныгъэхэм и Іэдакъэщ Іэкі Іэр угъуакъ къыщрехьэ.

...ЩІыуэпсым и дахагъэр, нэри пэри зыхь удэ гъэгъахэр, псэущхь зэхуэмыдэхэр, нэгъуэщІхэри нэІурыт дыдэу къыщыгъэльэгъуа

лэжьыгъэхэм, сурэтыщІ ІэкІуэлъакІуэм гупсысэ куу зыщІилъхьахэм, уи псэр ягъэхуабэ, кьызэрыгуэкІ щІымахуэ махуэри пІалъэкІэ пщагъэгъупщэу.

Бжьыхьэм мывэ лъапІэ щхъуэкІэплъыкІэхэр жыгхэмрэ удэхэмрэ трипхъами ярейуэ, тхьэмпэхэмрэ удэ гъэгъахэмрэ зэщІопщІыпщІэ, гъуэжьыфэ-дыщафэ къащІэльадэу. СурэтыщІым фІыуэ елъагъу «къуэкъуелъ мыщэхупщеймрэ» «къуацэчыщэ щхъуэкІэплъыкІэхэмрэ» я зэщІэжьыуэр, и гум щигъафІэ а дахагъэхэр къызэригъэльэгъуэн Іэмалыщ Іэхэр сытым дежи щІэщыгъуэу кьегъуэт. Нэр ягъэгуфІэ гъатхэм кьыдэгъагъэ къэрабэм, зэщІэщтхьэн щІэзыдза псыежьхым и мыл Іуфэхэм...

Иванниковэм и гупсысэр, и лэжьыгъэхэмкІэ кьиГъэльэгъуэну зыхэтыр нэхъ щІригъэхуабжьэу абыхэм гъэщІэгъуэн куэд хегъэхьэ. Псалъэм папщІэ, пасэрей уэздыгъэм, хьэндыркъуакъуэ, бдзэжьей теплъэхэм, макъамэ Іэмэпсымэм, нэгъуэщІхэми я щІагъ щІэлъ щхэур, сурэтыщІым и гухэль гъэщІэгъуэныр кьигъэльагъуэу, абыхэм я щхъэр «къетІатэ».

Гъуэзджэм хуиІэ лъагъуныгъэр ныбжьыщІэхэм ябгъэдилъхьэу, и Іэщ Іагъэм хэль щэхуэхэр кьахуэзІуихьу илъэс 20-м щІигъуауэ Иванниковэ Ольгэ щрегъаджэ Налшык дэт Сабий художественнэ школым, иджы и гъэсэн хьуащ Къбэрдей-Балькъэр къэрал университетым Дизайнымкі э и кафедрэм щІэсэхэр. Абы и Іэдакъэщ Іэкі Іэр купщІафІэщ, и лэжьыгъэхэр зыльэгъуам зэи ящыгъупщэнукъым.

Гъэльэгъуэныгъэр кьыщызэІуахым кьрихьэлІат щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакІуэхэр, Иванниковэм ищІа сурэтхэм дихьэхэр. Ахэр я гуапэу екъуэхьуащ зэІущІэр зэхуэмыдэхэм кьыщыхъуащ. Къурт еджапІэм класси 10-р екъуэлІэныгъэкІэ кьыщыуха нэужь, сабий акъылыфІэхэр щрагъаджэу Къэбэрдей-Балькъэр Къэрал университетым епхауэ лажьэ еджапІэм щагъэзІотыхьауэ щытащ. Нужькі э КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр тыгъуэри Расулрэ (Бахьсэн къалэм дэт курыт школ №2) Бищо Каринэрэ (Хьэтуей кьуажэм дэт курыт школ). Урысыбзэмрэ балькъэрыбзэмкІэ зи зэфІэкІ зыгъэльэгъуаэм кьахэжаныкІащ Дзасэжь Эллэрэ (Светловодское кьуажэм дэт курыт школ) Настуевэ Фаридэрэ (Балькъэр Ипщэм дэт курыт школ).

«Хэкурыдж» зэпеуэм хэта гупхэм ящыщу япэ увыпІэхэр кьахьащ: урысыбзэмкІэ - Тэрч куейм кьикІа гупым, адыгэбзэмкІэ - Аруан куейм щыщ ныбжьыщІэхэм, балькъэрыбзэмкІэ - Шэрэдж, Тэрч куейхэм я еджакІуэ цыкІухэм.

КъБР-м Гъэсэжьныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ Балэ Людмилэ зэрыжиІамкІэ, зэпеуэм хэта ныбжьыщІэхэм анэдэлъхубзэмкІэ, хабзэмкІэ, хэкум и тхьдэмкІэ щІэныгъэ куу кьагъэлъэгъуащ, жэуап купщІафІэхэр ятащ.

«Уи Хэкум хууиІэ лъагъуныгъэр ныкъуэщ, анэдэлъхубзэр фІыуэ умыльагъумэ», - жиІэгъащ Паустовский Константин. А псалъэхэм я мыхьэнэр щІэблэм нэсу зыхащІэу щытыкІ хуейщ ики ди къэкІуэнур зыхуэдэнур зэпыта ныбжьыщІэхэр къызыхэкІа лъэпкъым и щэнхабзэмрэ и тхьдэмрэ щыгъуазэу, абыхэм яхуэсакъыу, пщІэ хуащу къэхъунымкІэ, анэдэлъхубзэр фІыуэ ялъагъу гъэсэныгкІэ сэбэпышхуэ мэхьу мыпхуэдэ зэпеуэхэр.

Тхылъэри сурэтри **ЩОДЖЭН Іэминат** *ейщ.*

● Тхылъыщ Іэ

КІурашынхэ я хабзэ нэхъыщхьэр


КІурашын Каринэ

ЯПЭУ ПСАЛЪЭ зрата КІурашын Зинудин, лъэпкым я нэхъыжьым, къеІуэлІахэм сэлам гуапэ ярихри, илъэсыщІэ кьихьар утыку-лыуэ кьахущІэкІыну екъуэхьуащ.

- Сэ Хьэтіохъущыкъуей Ищхъэрэ сыщыщщ. КІурашынхэ ди лъэпкым тхьдэ купщІафІэ кьыдогъуэгурыкІуэ. Дылъэпкъыжьыщ. Иджыпсту дуней псом дыщикъухьащ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым псори дыззэрызэблагъэр. Сэ сроугушхуэ КІурашынхэ, дэнэ щыІэми, я щыхугъэмкІэ, ябгъэдэть нэмысымкІэ сыт щыгъуи псоми кьаззэрыхэщым, - жиІащ абы. - Каринэ ди лъэпкъым кьыхудигъэкІа тхьлъым мыхьэнэщхуэ иІэщ. Абы наІуэу кьыщыкъэхъагъуащ хэт дэнэкІи кьинкІами, лъэпкъым иджыпсту гъащІэм сыт хуэдэ увыпІэ щыубыдми. Сохъуэхъу адэкІи екъулІэныгъэ иІэну.

Зэхьыхьэр езыгъэкІуэкІа КІурашын Анзор тхьлъыр зи Іэдакъэщ Іэкі ым и гъащІэм кІэщІу кьыгъуэвыІащ.

КІурашын Каринэ Анудин и пхъур Кьызбрун кьуажэ (иджы ХьэтІохъущыкъуей) кьыщащхъуащ. Курыт еджапІэм класси 10-р екъулІэныгъэкІэ кьыщыуха нэужь, сабий акъылыфІэхэр щрагъаджэу Къэбэрдей-Балькъэр Къэрал университетым епхауэ лажьэ еджапІэм щагъэзІотыхьауэ щытащ. Нужькі э КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр Арэхст Маринэщ. 9-нэ классым абы унэ лэжьыгъэу кьыдитауэ щытащ щхьэж и пъэпкъым и тхьдэр тттхьжыну. Абдеж щегъэжьауи си пъэпкъым и къежьапІэр ззгъащІэмэ сфІэфІу кьежьэкІащ.

Тхьлъыр Іыхьихьу зэхэтщ: къежьапІэр кьэгъуэтыжьи, КъБР-м КІурашынхэ я ящыщу иСхэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэм, Тыркум щыщхэр, сурэт архив, апхуэдэу пъэпкъым и къудами 9-р схемэкІэ къэгъэльэгъуауэ тхьлъым гуэльхьащ. Япэ Іыхьэм КІурашын унэцІэм кьинкІыр, пъэпкъым и къежьапІэр, дамыгъэ зэрахьэхэр кьызэщІеубыдэ. Лэжьыгъэм архив дэфтэрэ 105-рэ кьыщыхьащ, сурэту 218-рэ итщ.

Мы зэманым КІурашынхэ нэхъыбэу щопсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Тыркум, Иорданиер, Германиер, Италиер, Израилыр, США-р псэупІэ зыщІахэри щыІэщ. Адыгэ Республикэм КІурашынхэ унагъуэ 35-рэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм унагъуэ 40-м нэблагъэ исщ. Архивым кьыхэзрыщагъэтэтыжамкІэ, Урыс-Кавказ зауэм щыгъуэ, ХьэтІохъущыкъуей иІэпхъукІри, КІурашынхэ я унагъуэ зыбжанэ Тыркум, Кьаифэр и гъунэгъуэ, щытІысауэ щытащ. Абы нобэр кьыздэсми КІурашын хьэблэ щыІэщ.

Ахэри, нэгъуэщІ Іэхуэгъуэ куэди тхьлъым кьыщыІуэтащ.

Лэжьыгъэ кьыдэкІамкІэ ар зи Іэдакъэщ Іэкі ым екъуэхьуащ Журналистэм я зэгухьэныгъэм хэт Котляровэ Марие.

- Каринэ фІыщІэ хуэфащэщ. Абы лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ. Сохъуэхъу дяпэкІи тхыгъэ купщІафІэхэр кьеХьулІэну. Си гугъэщ мы лэжьыгъэм КІурашынхэ я ныбжьыкІэхэ зэкъуэт ищІыну. Дауэ хъуми, Каринэ абы хилъхьащ и лъэпкъым хуиІэ лъагъуныгъэр. Ар, щэч хэмылъу, кьыщыщІедзэ унагъуэ кьызыхэкІам дежи, - жиІащ Марие.

Адыгей КІурашынхэм кьахэкІа, Краснодар кьалэм щыпсэу профессор, крайм гъуазджэмкІэ пщІэ зиІэ и дэжьакІуэ КІурашын Аскэрбий, лъэпкъым и тхьдэм теухуауэ ныІэ елтыкІэмкІэ кьызэхуэсахэм ядэгъэша нэужь, кьыхигъэщащ Каринэ лъэпкъым хуищІа гулъытэм фІыгъуэ мыкІэущІ зэрыхэтыр.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыІэ КІурашын абазэхэм кьабгъэдэкІ сэлам кьызэхуэсахэм ярихащ КІурашын Заудин. КІурашын лъэпкъым гъащІэ кІыхь, узынщагъэ яІэну екъуэхьуащ. Дяпэкі э зэрыгьымэ, зэкІэлъыкІуэмэ зэригуапэр жиІащ.

Каринэ кьызэхуэсахэми тхьлъыр щызэхигъэувэм зыкъыщІэзыгъэкъуахэми фІыщІэ яхуищІащ, кьэхуэтэныгъэ нэхъ ин езыгъэкІуэкІыну мурад зыщІым тхьлъыр лъабжьэ хуэхъуэмэ зэригуапэр кьыхигъэщащ.

Зэхьхьэм и етІуанэ Іыхьэм КІурашын лъэпкъыр хабзэ нэхъыщхьэу зытетыпхьхэр щдаубыхуащ. Ахэр зэгурыІуащ мы гъэм и бадзэуэгъуэм зэхуэсыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Хъуэхъу

Арщыдан кьуажэм щыпсэу Іэрэмысэ Хьэдис Мэчрэ Іпл и кьуэр кьыщалъхуа махуэщи, дохьуэхьу

ФІыуэ тлъагъу, пщІэ зыхуэтщІ папэ! Нобэ укьыщалъхуа махуэр уогъэлъапІэри, щІилъэм щызекІуэ насыпым я нэхъыфІыр кьоуэлІэну дыдохьуэхьу. Уи узынщагъэр быдэрэ уи гъащІэр щІэращІэу, уи нэмысыр лъагэрэ узыхуейм уи Іэр лъэІэсу, гуаэмрэ гукъуэгъэмрэ уапэІэщІэу, берычэтыр уи жьэгуу, уи дунейр дахэрэ нэхуу куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу!

Уи кьуэ Мурат, уи нысэ Ланэ.

● МЧС-м къет

ЩІыІэм зыщыфхъумэ

Мазаем и 2 - 5-хэм Къэбэрдей-Балькъэрым и куейхэм я нэхъыбэм щыІэм кьыщыщІикъуэнущ. Республикэм и кьалащхьэмиуаер щызыхащІэнущ. ЩІыІэр жэщым градус 15 - 20-м, махуэм 10 - 14-м нэсынущ.

АПХУЭДЗ щыІэм щытыкІэ кьызэрымыкІуэкІэр кьишэнкІэ мэхъу: электрокьварэ зэрыкІуэ кІапсэхэр, зэпыщІэныгъэ линэхэр, щІилъэ, хьэуа транспортхэр тэмэму лэжьэным зэран хуэхъункІэ, гъуэгуэхэм кьыщыхъуаварихэм, мафІэсхэм я бжьгъэм хэхъуэнкІэ хьунущ. КьыщынэмыщІауэ, гъэзгу, коммунальнэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьэкІэри зэтрихункІэ мэхъу. Ныкъуэныгъэ гуэр зиІэ ухуэныгъэ конструкцІхэр щІыІэм и зэранкІэ зэпыудыныр, кьехуэхьныр зыхуэІуа щІэжьым, псом хуэмыдэу жьы хьуахэр, куэд щІауэ кьагъэсэбэпхэр. Аварие-кьеГъэлныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынри дунейм и щытыкІэм гугъу ищІынущ. Бжьыхьэсэ къэжьыгъэхэми щІыІэр зэран яхуэхьункІэ шынагъуэщ.

● Атлетикэ псынщІэ

Олимп Джэгухэм пэгъунэгъу мэхъу

Прохладнэ дэт Сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и гъэсэн Кучинэ Марие екъулІэныгъэшхуэ иІэу илъэс и пэкІэ зыкъыщигъэльэгъуауэ щытащ атлетикэ псынщІэмкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэу Чехием и Тржинец кьалэм щекІуэкІам.

ЯПЭ НЫБЖЬЫЩІЭ Олимп Джэгухэм щытекІуа Кучинэр сантиметри 197-кІэ дэлъейри, дунейпсо рекорд игъэувауэ щытащ. Иужьрей илъэс 23-м апхуэдэ лъагапІэ зыми кьыщтэфакъым.

Щышылэм и 30-м Тржинец кьалэм щихащ «Моравскэ тур»-кІэ зэдзэ зэхьэзэхуэм и еянэ Іыхьэр. Текіуар кьызэралытэр иужьрей дэлъеигъуитІыр зэхалъхьэжурэт.

Щышхуэхэм я зэпеуэм Марие зэкІэлъхьэужьу илъэситІым нэхъыфІу кьыщыщІэкІащ. Абы кьызэринэкІащ сантиметри 196-рэ лъагагъыр. ЕтІуанэ хьуащ УФ-м щыщ нэгъуэщІ спортсменкэ Школинэ Светланэ.

КъБР-м физкультурэмрэ спортымрэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ Габрилян Геннадийрэ УФ-м щыхьэ зиІэ и тренер Горьков Борисрэ я гъэсэн Кучинэм Іэмалыф І ды дэхэр иІэщ УФ-м и командэ кьыхэхам хагъэхьэу Лондон щекІуэкІыну Олимп Джэгухэм кІуэну.

МЭЗКУ Кьанщобий.

● Гу зылытапхъэ

Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэр

Щышылэм и 31-м кьыдэкІа ди газетым кьытехуа «Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэм» и «Жасыр» Іыхьэм щыуагъэ зэрыкІуам кьыхэкІыу, ар нобэ щІэрыщІэу тыдогъэж

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр кьыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	6.52	8.22	13.29	16.03	18.16	19.56
2, махуэку	6.51	8.21	13.30	16.04	18.17	19.57
3, мэрем	6.49	8.19	13.30	16.05	18.18	19.58
4, щэбэт	6.48	8.18	13.30	16.06	18.20	20.00
5, тхьэмахуэ	6.47	8.17	13.30	16.07	18.21	20.01
6, блыщхьэ	6.46	8.16	13.30	16.08	18.22	20.02
7, гъубж	6.45	8.15	13.30	16.09	18.24	20.04
8, бэрэжьей	6.43	8.13	13.30	16.11	18.25	20.05
9, махуэку	6.42	8.12	13.30	16.12	18.26	20.06
10, мэрем	6.41	8.11	13.30	16.13	18.28	20.08
11, щэбэт	6.39	8.09	13.30	16.14	18.29	20.09
12, тхьэмахуэ	6.38	8.08	13.30	16.15	18.30	20.10
13, блыщхьэ	6.37	8.07	13.30	16.16	18.32	20.12
14, гъубж	6.35	8.05	13.30	16.17	18.33	20.13
15, бэрэжьей	6.34	8.04	13.30	16.18	18.35	20.15
16, махуэку	6.32	8.02	13.30	16.19	18.36	20.16
17, мэрем	6.31	8.01	13.30	16.20	18.37	20.17
18, щэбэт	6.29	7.59	13.30	16.21	18.39	20.19
19,тхьэмахуэ	6.28	7.58	13.30	16.22	18.40	20.20
20, блыщхьэ	6.26	7.56	13.30	16.23	18.41	20.21
21, гъубж	6.25	7.55	13.30	16.24	18.43	20.23
22, бэрэжьей	6.23	7.53	13.29	16.25	18.44	20.24
23, махуэку	6.22	7.52	13.29	16.26	18.45	20.25
24, мэрем	6.20	7.50	13.29	16.27	18.46	20.26
25, щэбэт	6.19	7.49	13.29	16.28	18.48	20.28
26, тхьэмахуэ	6.17	7.47	13.29	16.29	18.49	20.29
27, блыщхьэ	6.15	7.45	13.29	16.30	18.50	20.30
28, гъубж	6.14	7.44	13.29	16.31	18.52	20.32
29, бэрэжьей	6.12	7.42	13.28	16.32	18.53	20.33

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мустьымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ.

Ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ номерыр кьыщыдэкІынур мазаем и 4-рщ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Мыхьэнэшхуэ зиІэ зэпеуэ

Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьэу институтым иджыблагъэ щекІуэкІащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм щыщ Іыхьэ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ кьызэрагъэпэщауэ илъэс 13 хьуауэ ирагъэкІуэкІ зэпеуэм мы гъэм зэхьэжьныгъэхэр ягъэуэтащ. Егъэджакіуэхэм я жэрдэмкІэ, абы хагъэхьащ урысыбзэмрэ балькъэрыбзэмкІэ зэхьэзэхуэхэр.

ИНСТИТУТЫМ зэпеуэр махуищкІэ щекІуэкІащ. Ящэ махуэм егъэджакІуэхэм мастер-классхэр ягъэлъэгъуащ. КъыкІэлъыкІуэ махуэм ахэр щхьэхэ-щхьэхуэу зэпеуащ, я анэдэлъхубзэр, литературэр, щыпсэу щІыналъэм и тхыдэр зэращІэр кьагъэнаІуэу. Ещанэ махуэм зэхуэзэщ республикэм и куейхэм я еджакІуэ гупхэр.

Адыгэбзэмкі э, балькъэрыбзэмкІэ, урысыбзэмкІэ екІуэкІа зэпеуэхэм хэтахэм ягъэзэщІэн хуейуэ я пащхьэ иралъхьа лэжьыгъэхэр щыщ щыщ Іыхьэ псори кьызэщІаубыдэрт. Гъэщ Іэгъуэну зэхэлът литературэмрэ хабзэмрэ екІуэлІа лэжьыгъэхэри.

Ныбжьыщ Іэхэм я зэфІэкІыр здынэсыр кьапщытащ Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым адыгэбзэмрэ балькъэрыбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Инчы Ириней, филологие егъэджэныгъэмкІэ кафедрэм и доцент Ащхьэтэ Мэри, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэ пажэхэр.

Адыгэбзэкі э екІуэкІа зэхьэзэхуэм саугъэт нэхъыщхьэр щыхуагъэфащащ Бейджэнэ Каринэрэ (Хьэтуей кьуажэм дэт курыт школ №2) Ахъшэт Мэри, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэ пажэхэр.

Адыгэбзэкі э зи Іэдакъэщ Іэкі ым и кафедрэм и унафэщІ Ахъмэд Аминат, филологие наукэхэм я кандидат, доцент Ахъмэд Аминат, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъуэ Парламентым и Къэралыгъуэ Тхылъыбзэм и Комитетым и унафэщІ Хьэкъурей